

MINAMATO YEMAZUVA ESE
CHIPOROTTA CHANHASI CHEKUTAUWA

CHINYORWA

2

Kubvumbi - Chivabvu - Chikumi

2026

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA

DE BIRUHO KUTOPHAKA
NEVAKAKAZAKANA NAWO SAKA
BINGODINA KUGONERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOSVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO, 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



CHINYORWA 2 | 2026

KUBVUMBI - CHIVABVU - CHIKUMI

RUMWE RUZIVO RWEGA

Zita:

Nhamba yeFoni:

ZVINANGWA ZVANGU ZVECHIKAMU CHINO CHEMWEDZI MITATU:

MAITIRO EKUSHANDISA BHAIBHERI REZUVA NEZUVA IRI KUTI RIPE MUGUMISIRO WAKAZARA

The GoodNews Daily rakagadzirirwa kukubatsira kukura kuburikidza neShoko raMwari mazuva ose. Verenga dudziro yezuva nezuva zvinyoronyoro uye fungisisa pamusoro pemharidzo yarinopa.

Nyengetera munamato uye taura chiziviso chechiporofita uine kutenda, uchivimba kuti Mwari ari kushanda muupenyu hwako.

Tevedzera kuverenga Bhaibheri kwezuva nezuva uye magwaro ekuwedzera ekudzidza kuti usimbise kunzwisisa kwako kweShoko raMwari uye uvake kufamba kwakasimba nalye.

Paunenge uchishandisa dudziro iyi mazuva ose, tarisira kuti Shoko raMwari rikutungamirire, rikukusimbise, uye rikupinze mukukunda.

Nakidzwa nenguva yako yezuva nezuva naMwari kuburikidza neThe GoodNews Daily, Mwari vakuropafadze.

Muporofita Uebert Angel



ABOUT THE DEVOTIONAL

The GoodNews Daily devotional is your prophetic Word of the day and a highly regarded Christian resource meticulously written to provide spiritual enrichment every day of the year. It delivers profound insights, powerful revelations, and daily prophetic declarations aimed at guiding readers towards a Christ-centered life, rooted in the transformative teachings and revelation of Prophet Uebert Angel. Published on a quarterly basis, this devotional is distinguished by its global reach and is freely available in multiple languages to overcome linguistic barriers and ensure that its life-changing messages are accessible to all worldwide. With three unique editions, Adults, Teens, and Kids, the GoodNews Daily devotional brings the prophetic Word to every generation, empowering families to grow together in faith and revelation.

UEBERT & BEVERLY ANGEL

With an extensive wealth of experience in full-time ministry, Uebert and Beverly Angel have emerged as prominent voices in sharing the GoodNews of God's grace (Euangelion) and advancing the prophetic ministry worldwide. As best-selling authors of influential books such as *Spiritual Warfare*, *Prayer Banks*, *Supernatural Power of The Believer*, *Grace Driven Life*, and the *GoodNews Daily* devotional, they have made notable contributions to Christian literature. Renowned for their vision, innovation, and dynamic leadership, Uebert and Beverly Angel are highly sought-after conference speakers. As global pioneers and founders of The GoodNews Church (Spirit Embassy) and holders of the office of the Prophet, they have profoundly impacted millions of lives around the world, driven by their unwavering commitment to spreading the GoodNews revelation and transformative power of God's grace (Euangelion).





KUPATSANURA SHOKO

2 Timoteo 2:15

Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari, somunhu anogamuchirwa, mushandi asingafaniri kunyadziswa uye anonyatsoruramisa shoko rechokwadi.

Vazhinji vanotaura nezveshoko iri vanotarisa rutivi rumwechete. Haritaure zvekugona kuverenga shoko bedzi asi rinoburitsao nzira yokudzidza nayo shoko raMwari. Svomhu yokupatsanura inobuditsa mativi mana akafanana, murairo “wekupatsanura shoko rechokwadi” unoratidza kuti panodiwa nguva nesimba rekuzarura magwaro.

Ingava pfuma, wanano, nharaunda, kana zvimwewo, shoko rese rinobatsira kereke. Gona kupatsanura nguva yako zvakanaka pazvinhu zvose zvinotaurwa neshoko raMwari. Ukabata izvi, unenge wakagadzirira nyangwe muvengi akaedza chipi zvacho pamusoro peupenyu hwako. Gore rino, wana chikafu chakakwanirana cheshoko uwane zvakakodzera uye uve mukundi muupenyu.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndibetserei kudzidza shoko zvine udzamu uye zvakafanira. Ndipei kunzwisisa pashoko rose ndive munhu akagadzirira, akatsanangurwa, uye mukundi pazvinhu zvose zveupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mudzidzi mukuru weshoko. Pandinopatsanura njere dzangu mumagwaro, ndinozvisimbisa kubva kumabasa ese emuvengi.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

Mabasa avaPostora 17:11



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 – ZUVA RECHI 91**

Joshua 13-15; Johane 3:1-21

INZWI RINE MUTSINDO

1 Vakorinde 14:10

Zvirokwasvo panyika pane mitauro mizhinji yakasiyana siyana, asi hakuna kana mumwe usina zvaunoreva.

Ana chiremba vanoti, inzwi roga roga rinozivisa kuti pane upenyu. Mwana mucheche achingozvarwa ane inzwi raanobuditsa, kunova kuchema kwaanoita. Ana nyamukuta vanokurudzira mwana akanyarara kuti acheme, unova mucherechedzo weupenyu uye hutano. Kunzwa ndicho chinhu chekupedzisira kuenda panoperera upenyu hwemunhu, kuratidza kukosha kwazvo kubva pakuzvarwa kusvikira kurufu. Chokwadi ichi chine udzamu hwemweya: inzwi rine uremu munyika yemweya.

Ana chiremba vanoti, inzwi roga roga rinozivisa kuti pane upenyu. Mwana mucheche achingozvarwa ane inzwi raanobuditsa, kunova kuchema kwaanoita. Ana nyamukuta vanokurudzira mwana akanyarara kuti acheme, unova mucherechedzo weupenyu uye hutano. Kunzwa ndicho chinhu chekupedzisira kuenda panoperera upenyu hwemunhu, kuratidza kukosha kwazvo kubva pakuzvarwa kusvikira kurufu. Chokwadi ichi chine udzamu hwemweya: inzwi rine uremu munyika yemweya.



MUNAMATO WANHASI

Baba, itai nzeve dzangu dzikunzwei pamusoro pemashoko ose. Ndibetserei kuchengeta zvandinoterera, ndoita kuti inzwi renyu rindibetsere pakufunga, sarudzo uye kutenda.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kuterera chero inzwi zvaro. Nzeve dzangu dzinonzwa mazwi akanaka, uye shoko raMwari rine hutongi pamusoro peupenyu hwangu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

Muparidzi 4:20-21



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 92**

Joshua 16-18; Johani 3:22-36

KUGADZIRIRA MUSEVE

2 Madzimambo 3:15

Asi zvino uyai nomuridzi worudimbwa kwandiri.” Muridzi worudimbwa paakanga achiridza, ruoko rwaJehovha rwakauya pamusoro paErisha.

Mwana wese waMwari akapiwa simba pamusoro pewakaipa. Asi vazhinji vanotambudzwa nokuti havazivi kuregedzera museve chero nguva yavada. Mumagwaro matsvene mune zvinhu zvemweya zvinokonzeresa kuti ugare wakagadzirira munguva yehondo. Mundima yanhasi, muporofita Erisha akakumbira muimbi. Sei akakumbira? Kuitira kuti agare akagadzirira kunzwa shoko raMwari. Rumbidzo yakava chikonzero.

Mugore rino, tsvaga zvinokonzeresa mweya wako. Inogona kuva rumbidzo inoitisa kuti Mwari afambe munharaunda yako, ndima inoenderana nezvaunoda, kana ndimi dzinokukurudzira. Paunobata chiitiko chemweya ichi, unogara wakagadzirira, kuratidza simba, chero nguva uye pese pese.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ratidzai chinokonzeresa kuti mweya wangu usimudzirwe ndogadzwa panzvimbo chaiyo kuitira simba renyu. Ndidzidzisei kukurumidza nekuita zvakanaka kuitira kuti ndiratidze simba parino fanira kuratidzwa.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakuziva chinosimudzira mweya wangu uye chinondisimudzira kuti ndiratidze simba raMwari. Ndakagadzirira kuregedzera museve, uye pandinouregedzera muvengi haawane mukana!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Ezekieri 3:22



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 93**
Ruka 6:25-49; Mapisarema 35-37

ZISO RINOONA

1 Petro 5:8

Muzvidzore uye musvinure. Muvengi wenyu dhiabhoiri anofamba famba achiomba seshumba inotsvaka waingadya.

Matambudziko mazhinji anosangana nevakirisitu nhasi anokonzerwa nekutadza kuona zviri kuitika munyika yemweya. Chimbofunga nezvenyika dzine zvombo zvikuru zvehondo, Russia, United State neChina, vanoisa mabhiriyoni emari muhurongwa hwekuongorora zviri kuitwa nedzimwe nyika kuitira kuti vachengetedze zvanoda. Izvozvo zvoga zvinokuudza zvakakoshera kuva neziso rinoona. Magwaro anoti makirisitu inyika tsvene, nekuda kwekuzivikanwa ikoko zvinouya nekugona kuchengetedza.

Mashoko ekuti muzvidzore uye musvinure anotaura kuchangamuka nekugadzirira pamweya, vobvisa zvose zvinovaraidza, uye nzeve dzoterera zvinotaurwa naMwari. Gara wakagadzirira zvakananyisa! Ongorora nzvimbo yaunenge uri, vanhu vaunoshamwaridzana navo, zvinhu zvaunoda kuona panhare mbozha hazvipi muvengi mukana wekupinda here. Paunorava shoko raMwari, uchaona mano mano asatani aanouya nawo nemuteyo waanoda kukuisira. Iva mukirisitu akasimba!



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kugara ndakasvinura uye kungwarira zvinhu zvemweya. Ndirodzei ndigone kunzvera kuitira kuti ndione maitiro emuvengi kuitira kuti ndigone kufamba muchokwadi.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Senyika dzine zvombo zvehondo dzinotyisa, ndinonzwisisa kugara ndakangwarira uye kuva neziso rinoona. Ndinozvigadzirira neshoko raMwari. Ndinoona, ndakangwarira, uye handina kupofumara!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

1 Vatesaronika 5:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 94**

Joshua 19-21; Johani 4:1-38

KUONGORORA MHEPO

Muparidzi 11:4

Ani nani anotarira mhepo haangadyari; ani nani anotarira makore haangakohwi.

Muzvidzidzo zvekunaya kwemvura, mhepo ndiyo inozivisa manairo emvura nemainairo aichaita. Izvi zvinounza hudzamhu mushoko: uyo anotarira mhepo haangadyari. Makirisitu mazhinji anodambura ropafadzo yavo vachiisa kutenda muzvinhu zvavari kuona, kunze kwekutenda kuti zvishuwiro zvavo zvichazadziswa vakamira mushoko raMwari.

Kunze kwekufunga kuti, ndingapora sei kubva kuchirwere chanzi nachiremba hachipore? Kana kuti ndingaita sei kuti ndive munhu anopa muumambo hwedenga sezvo mhuri yangu iri yevarambo? Tarira maziso ako pakunaya kwemvura, kwete makore, kwete mhepo, kana chese chingaonekwa nemaziso ako. Tinonamata Mwari asingakundikani uye asingafi akakundikana!



MUNAMATO WANHASI

Mwari, simbisai kutenda kwangu kuti ndisazendamira pane zvandinooona nemeso kana zvandinonzwisisa. Ndibetserei kuti ndivimbe nemi zvakanyanya uye kudyara mukutenda, ndichiziva kuti muchandipa goho zhinji.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mvura yauya kuzopedza mwaka wese wenzara mukati meupenyu hwangu. Ndinoramba kutarira mhepo kana makore. Ndinoramba kuongorora kuti zvinoitika sei? Ndinovimba naMwari zvakanyanyisa, ndinoziva achazviita, nezita raJesu. Amen!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

2 Vakorinde 4:18



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 95**

Joshua 22-24; Johane 4:39-54



SHANDIRA SHOKO

Mateu 17:27

Asi kuti tisavagumbura enda kugungwa unokanda chiredzo chako mumvura. Tora hove yaunotanga kubata, wovhura muromo wayo, uchawana muine mari inokwana mutero wangu newako, uvape.

Mushoko raMwari, Mwari akaita minana, zviratidzo nezvishamiso zvingaitiki, asi haakurudziri kungomira nehunyope. Pese paipihwa shoko rechiporofita, kushanda kunotevera. Mundima yanhasi, Jesu akati kuna Petro enda pamuromo wehove utore mari kuti tibhadhare mutero. Ichi chishamiso chinoshamisa zvikuru, asi zvaida kuti Petro aterere kuenda kwainge atumwa. Akashandira shoko raainge apihwa kuti riitike.

Vazhinji vango jaira kungonzwa shoko asi vasingadi kuri shandira. Zvakazarurwa zvingashandirwe hazvipi mubairo. Kutanga nhasi, usangoita munzwi weshoko chete, asi iva munhu anoita zvinotaurwa neshoko. Shandira zvaunoudzwa naMwari, uchaona uchifamba uchikunda zvakanyanyisa.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndipeio nyasha dzekushandira shoko nekuchimbizika. Itai ndive muiiti weshoko, kwete munzwi bedzi, kuitira kuti ndione kuzara kwemhinduro dzenyu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pese pandinonzwa shoko, ndinori shandisa. Nekuita izvozvo, ndinozvigadzirira upenyu hwekukunda muna Mwari.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jakobho 2:17



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 96**
Vatongi 1-3; Johani 5:1-24



HAPANA NYIKA PASINA SHOKO

Zvirevo 18:21

Rurimi rune simba roupennyu, nerufu, uye vaya vanoruda vachadya chibereko charwo.

Muzvidzidzo zvemarudzi nemitauro yakasiyana siyana, vanyori venhoroondo idzi vachiri kuitisana nharo kuti mutauro unotaurwa wakatangira kupi. Nyangwe vachivhiringika, shoko raMwari harivhiringiki. Bhaibheri rinoti hakuna nyika yakazovepo pasina shoko. Nyika isati yasikwa, Mambo Jesu vakasika zvinhu nesimba reshoko ravo. Chiitiko cheshoko iri ndiyo nheyo yesvisikwa kuti Kiristu pachezvake anonzi Shoko.

Sevana vake, takapihwa simba rimwechete rekugona kugadzira nekuumba zvinhu. Bhaibheri rinoti ratidza kuti patino koshesa mashoko atinotaura, tinokonzera shanduko munyika yemweya. Taura hupenyu pamusoro penzvimbo yauri, nokuti rurimi rwako rune simba.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, chengegai rurimi rwangu kuti rutaure upenyu nguva dzose. Ndibatsirei kushandisa mashoko angu zvine ungaru, zvandinotaura zvienderane nechokwadi chenyu chekubuditsa mhinduro dzine uMwari mukati.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko mamwechete ane simba akashandiswa naMwari kusika nheyo dzenyika ino apihwa kwandiri kuti ndive muridzi wao. Pandino tsindidza nekutaura, ndinonyararidza kuuya kwemuveni ndichizarura nzira itsva dzebudiriro.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Zvirevo 15:4



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 97**
Vatongi 4-5, Johane 5:25-47

MUDZIYO WAMWARI

Ekisodho 3:6

Ipapo akati kwandiri ndini Mwari wababa vako, Mwari waAbhurahamu, Mwari walsaka naMwari Jakobho. Mozisi akafukidza chiso chake, nokuti akanga achitya kutarisa Mwari.

Simba raMwari harioneke neruoko rwake chete, mumagwaro, rinoonekwa kuburikidza nevarume nevakadzi vaanoshandisa semudziyo kuita zvinoshamisa. Mundima yanhasi, musiki wenyika ino anozvizivisa achishandisa mazita evanhu vaakashanda navo akaita saAbhrahama, Isaka naJakobho. Chimbopafunga huremu hwazvo munyika yemweya kuti Mwari anozvifananidza pachezvake nekufamba kwaakaita newe.

Zvisinei nezvavai kundikana, Mwari haana kutarisa utera hwavo asi akatarira kuva mudziyo wesimba rake. Naizvozvo, Mwari anoda kuratidza simba rake kuburikidza newe. Uri mudziyo wake wakatsanangurwa. Shanda noshingi musimba raakakupa, tanga kufamba mariri nhasi.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndinokutendai nekusarudza kushanda kuburikidza neni. Ndibatsirei kufamba muushingi wamakandipa kuti ndive mudziyo unoratidzwa nekushandisa simba renyu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mudziyo wesimba raMwari! Mwari anoratidza minana yake kuburikidza neni. Pandinofamba saKirisitu, Hapana wakaipa anomisidzana neni, handibatiki zvekutodaro!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

Mabasa avaPostora 1:8



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 – ZUVA RECHI 98**

Vatongi 6-7; Johane 6:1-21



KUMIRA KWEZVINHU

Joshua 10:13

Naizvozvo zuva rakamira mwedzi ukamira, kusvika rudzi rwatsiva vavengi varo, sezvazvakanyorwa mubhuku raJashari. Zuva rakamira pakati pedenga rikanonoka kuvira kwenguva ingaita zuva rose.

Joshua akaraira zuva kuti rimire unova munana uchiri kuitasanwa nharo nanhasi. Vamwe vanotenda kuti dzingori ngano dzinongotaurwao kufambisa nguva, vachingozvionao sezvisina basa. Zvisinei une sarudzo yekutaura zvaunoda, asi pane chokwadi chisingarambiki: chekuti murume wetestamende yekare akaita munana mukuru munhoroondo yepasi rino.

semuKirisitu, une simba rinodarika raJoshua. Kana akaraira kuti zuva nemwedzi zvimire, zvauri kupindana nazvo zvinofanira kunzwa inzwi rako. Kirisitu haana kukupa upenyu husingaperi chete, akakupa simba rinoshandura nyika yako. Taurira zvinhu zvose zvisina kumira zvakanaka kuti zvimire zvakanaka.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndibatsirei kushandisa simba ramakaisa mandiri. Ndidzidzisei kutaura nekutenda kuitira kuti zvinhu zvose zvfambe nemarongero enyu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Sezvakaite Joshua kumisa zuva, zvinhu zvose zvandinosangana nazvo zvinofanira kuita zvinodiwa neshoko raMwari. Ndine simba rinoshandura nyika yangu. Zvinhu zvose zvino mira pandinotaura shoko!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Varoma 12:2



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 99**
Vatongi 8-9; Johani 6:22-41



NYAMUKUTA

1 Samuiri 23:16

Uye Jonatani mwanakomana waSauro akaenda kuna Dhavhidhi paHoreshi akamubatsira kuti awane simba muna Mwari

Muzvidzidzo zvana chiremba, ana nyamukuta vanobatsira nekuchengetedza mudzimai panguva yekuzvitakura, panozvarwa mwana, nezvimwe zvakawanda wanda. Zvimwe chetezvoo, ndima inoratidza zvakakoshera nyamukuta anokubatsira kuti usvike kunzvimbo yawakadanirwa naMwari. Kana Mwari ada kukushandisa, anokukomberedza nevanhu vanokusimbisa nekukubatsira muhurongwa hweupenyu hwako.

Senhengo dzemuviri waKirisitu, Hapana mumwechete wedu akagadzirwa kuti ashande oga. Unotoda vamwe vanokusimbisa ruoko rwako muna Mwari newe wacho, kana zvaita wosimbisa vamwe. Zvikomberedze nevanhu vakaita sana nyamukuta, vanokubatsira kubuditsa zvakaitswa naMwari mauri. Mwari anokupa vanhu ivavo, basa rako kugona kuziva vanhu ivavo, wovatendera kuti vaite basa ravo muupenyu hwako.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai nevanhu vamakaisa muupenyu hwangu kuti vandisimbise nekundipa gwara rakanaka. Ndibetserei kuziva vanondibatsira uye kuti ndive munhu anokwanisa kusimbisa vamwe.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari akandikomberedza nevanhu vanobatsira hurongwa hwake pamusoro peupenyu hwangu. Ndinofamba munyasha, uye Mwari anonza ananyamukuta kuti vandibatsire mumwaka wega wega.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Zvirevo 27:17



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 100**
Ruka 7:1-25; Mapisarema 38-40



KUTORWA NEUMAMBO HWAMWARI

Vakorose 1:13

Nokuti akati nunura kubva pasimba rerima akatiuyisa kuumambo hweMwanakomana waanoda.

Kutorwa kweimwe nyika kunoitika kana nyika ine simba yatora nyika iyoyo voiita yavo. Nyika ine simba inotanga kuita zvainoda yoisa mutemo nezvinhu nehutongi hwavo imomo. Zvimwechetezvo, kana uchinge wazvarwa patsva, wava muumambo hwaMwari. Hupenyu hwako hwekutanga hwainge usina simba nemukurumbira wekubwinya kwaMwari, kuburikidza neruponeso, wakashandurwa kuva nyika itsva inotongwa naMwari.

Famba muchokwadi cheupenyu hutsva, hupenyu hweumambo nebudiriro hausisina kusungwa nemitemo yenyika yekare. Shanda mugore rino reMafuta anoShamisa gona kugara pasi pemutemo nemaitiro enyika yaMwari kuburikidza neupenyu hutsva wawakapihwa naMwari.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kufamba muchokwadi cheupenyu hwangu hutsva muna Kirisitu. Ndidzidzisei kurarama pasi pemutemo wehumambo hwenyu ndisadzokere kunyika yakamanikana yandairarama kare.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri wehumambo hwaMwari! Handirarami pasi pemutemo nemaitiro enyika ino. Zvombo zvakamboshandiswa nemuvengi kuparadza upenyu hwangu hazvina simba pamusoro pangu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaRoma 12:2



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 101**
Vatongi 10-11; Johane 6:41-71

NGUVA CHAIYO NENGUVA ISIRIYO

Marko 11:13-14

Akaona muonde uri kure una mashizha, akaenda kunoono kana wanga uine muchero. Akati asvika pauri, haana chaakawana asi mashizha bedzi, nokuti yakanga isiri nguva yamaonde. Ipapo akati kumuti ngakurege kuva nemunhu anodya muchero paurizve, vadzidzi vake vakamunzwa achidaro.

Pakutanga zvinoita kunge zvinorwadza kuti Jesu akatuka muti wemuonde nokuti wakanga usina kubereka iyo isiri nguva yawo yekubereka. Akatarisira muti, kuti udairirane nehuvepo hwake, kupa zvibereko nyangwe yainge isiri nguva yacho.

Semwana waMwari, haudi kuti nyika iite zvakanaka kuitira kuti iwe ubudirire. Kana nyika ikasaidairirana newe kusakupa zvakanaka, ituke! Une simba pamusoro pemutemo inotonga nyika ino; kana paine zvausingafariri, mashoko ako anozvishandura. Taura huwandu, kukunda nezvizhinji!



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndibatsirei kubereka zvibereko nguva dzose. Ndisimbisei kuti ndigone kushandisa simba riri mandiri pamusoro pezvandinosangana nazvo nekutaura budiriro, nezvibereko munguva dzose dzoupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Upenyu hwangu hunopa zvibereko munguva chaiyo nenguva isiriyo! Zvisinei nemaitiro enyika, budiriro yangu iri kuzoitika. Panosimuka dutu renyika richida kundiwisira pasi, ndinoridzikamisa nezita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaEfeso 1:19-21



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 102**
Vatongi 12-13; Johane 7:1-31

ZVINOPFUURA TARIRO

VaHebheru 11:1

Zvino kutenda kuva nechokwadi nezvinhu zvatinotarisa, nechiratidzo chezvinhu zvatisingaoni.

Mururimi rweShona, mupanda unodudzira vanhu, nzvimbo kana zvinhu, asi zviito zvinotaura zvinhu zviri kuitwa kana kwazvaitikira. Mukereke yanhasi, makirisitu mazhinji anofunga kuti kuita tariro zvinounza mhinduro. Asi shoko rinobuditsa pachena kuti kutenda ishoko rekuita wanikwa uine zvauri kuita kuti zviite.

Mugore rino reMafuta anoshamisa, iva netariro yoga , hazvina simba rarakatakura kana pasina kutenda. Tariro inopa shungu, asi kutenda kunounza mhinduro! Simbisa kutenda kwako nekurava magwaro zvine udzamu maererano nezvaunoda kuti zviitike. Hazvina kuzara kuti ndine tariro, kutenda kunooneka kana tariro yasangana nekuterera. Shandira kutenda kwako uye uchaona nyika ichikurerukira.



MUNAMATO WANHASI

Baba, itai ndipfuure tariro asi ndipinde mukutenda. Ndbatsirei kushandisa shoko renyu nekuterera kuitira kuti kutenda kwangu kubuditse zvinobatika.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kutenda chiito! Kunoda kushanda. Pandinorava magwaro, ndiri kuumba kutenda kwangu kuti kumire kwakasimba uye kukunde Mabasa emuvengi.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jakobho 2:17



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 – ZUVA RECHI 103**
Vatongi 14-15; Johane 7:32-53



ZIMBE REMOTO

VaFiri 1:6

Ndichiziva izvi, kuti iye akatanga basa rakanaka mamuri acharipedzisa kusvikira pazuva raKristu Jesu.

Kuvirima kwemoto kukatanga, kunoramba kuchibvira kana paine kupisa, mhengo, nezvinokuchidzira moto. Zimbe remoto harimiri kubvira kusvikira wadzimwa. Naizvozvo, kana Mwari akatanga basa rakanaka muupenyu hwako, akatendeka kuzvizardzisa. Chinangwa chake paakauya ndeche kukusiyana nenyika ino. Anoshuwira kuti uve nepfuma zhinji uye wobudirira zvinoenderana nechishuwo chemoyo wake.

Usadzima moto waakabatidza uri mauli nekuramba kurarama upenyu hwaakakugadzirira. Rarama zvinoenderana nechishuwo chake wofamba mukururama kwehurongwa hwedenga. Mwari akakurongera zviku uye ane basa rakakosha neupenyu hwako, uye acharizardzisa kuti riitike. Naizvozvo, simba muchokwadi ichi: zvakatanga naMwari mauli hazvikundikani.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndinokutendai nebasa rakanaka ramatanga mandiri. Ndibatsirei kugara muurongwa hwenyu kuitira kuti pasa wanike chinodzima moto nehurongwa hwenyu pamusoro peupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Semoto unobvira, hurongwa hwaMwari hunobvira nemazimbe makuru uyu uchasvika pakuzadziswa. Ndinofamba mukururama kwehurongwa hwedenga. Ndakatokunda!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jeremia 29:11



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 104**
Vatongi 16-17; Johani 8:1-20



CHIRINGA

VaFiri 3:13-14

Hama dzangu handisi kuti ndatochibata. Asi ndinoita chinhu chimwe: ndinokanganwa zviri shure ndichivavarira zviri mberi. Ndinoshingaira kuchinangwa chokupedzisira kuti ndiwane mubaiyero wandakadanirwa naMwari kudenga muna Kristu Jesu.

Ana chiremba, vane zvavakadzidzira kuti ukaita chiringa unogona kupinda munjodzi. Kana mutyairi akasatarira mugwagwa kunyangwe kwechinguvana, maoko nechidhiraivho zvinotevera kwakanga maziso.

Naizvozvo, vatendi vazhinji vanosangana nezvinosanganwa nevasingatendi nokuda kwokuti Havana kutarira pazvinhu zvaMwari uye Havana kushandura magariro avo ekare. Kune pfungwa ndiko kunoendao upenyu hwako. Nokudaro muapostora Paulo anotiudza kuti vavarira kuti ubate mubaiyero wekudenga. Mugore rino remafuta anoshamisa, isa maziso ako munzira iri mberi, siya zvekare wopfuurira mberi.



MUNAMATO WANHASI

Baba, isai ndangariro dzangu pane zvamakandidanira. Ndibatsirei ndisiye zvekare asi nditarire mberi kune zvamaka ndigadzirira.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Semutyairi akatarira mberi, maziso angu akaringa pazvinhu zvaMwari. Ndinoramba upenyu hwangu hwakare asi ndinoshingaira pachinangwa chikuru chandakadanirwa chaKirisitu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaKolose 3:1-2



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 105**
Vatongi 18-19; Johani 8:21-38

ZVINOONESA KUTI WAKURA

Numeri 20:8

Tora tsvimbo uye iwe nomukoma wako Aroni muunganidze ungano pamwechete. Utaure kudombo pamberi pavo rigobudisa mvura yaro. Iwe uchabudisa mvura kubva mudombo kuti vanwe ivo nezvipfuwo zvawo.

Kukura kwomukirisitu hakuonekwi neminana, zviratidzo kana zvishamiso zvinokutevera. Nyika yanhasi inoratidza nguva iyo Mwari akaudza Mozisi kuti ataure nedombo kuitira kuti mvura iyerere. Asi iye akarova dombo mvura ikabuda zvayo. Izvi zvino ratidza kuti mhinduro hairevi kuti uoterera. Kukura chaiko kunoonekwa nekuterera inzwi raMwari nekuzvinipisa pakutevera mirairo yake.

Kukura kwako kuri mauri iwe nehukama hwako naMwari kuburikidza nemunamato uye shoko raMwari. Ratidza kuti wakura nekuvimbika uye kurarama sezvinodiwa neshoko raMwari pamusoro pako uye mhuri yako. Rangarira kuti, Mwari ndiye murongi mukuru, nzira yakanakisa zvikuru!



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndikudzei muzvinhu zvemweya. Ndidzidzisei kuterera murairo uye kukoshesa ukama nemi kupfuura ropafadzo yandinowana.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari wandisimbisa kuti ndiite zviratidzo nezvishamiso, asi kukura kunoonekwa neukama uye kuteerera zuva nezuva. Ndinoteera inzwi rake, ndinovimba nehurongwa hwake, uye hupenyu hwangu hunoendeka zvakanaka!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Isaya 1:19



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 106**
Vatongi 20-21; Johani 8:39-59

HOVE ISINGAFI

VaRoma 8:11

Uye kana mweya waiye akamutsa Kirisitu kubva kuvakafa uchigara mamuri, iye akamutsa Kirisitu kubva kuvakafa achapawo upenyu kumiviri yenyu inofa kubudikidza naMweya wake unogara mamuri.

Mhuka zhinji dziri musango dzinotevera murairo wehupenyu nerufu. Zvisinei kune hove isingafi inonzi (Jellyfish), ine mbiri yekuzvidzoreredza kubva kumaronda nyangwe yakuda kufa, inozvidzoreredza upenyu kasingagumi.

Zvinogona kukushamisa kuti muKirisitu ane simba huru chaizvo rekudzoreredza upenyu anova Mweya mutsvene. Simba rake riri mauri rinokunda rufu. Ukatarira anorarama mauri, hurwere nehosha zvino tarumuka. Unoraramiswa nesimba rekumutsa vanhu, iro simba rakakunda rufu. Gore rino reMafuta Anoshamisa, haurayike.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai nesimba rekumutsa vakafa riri mandiri. Ndinogamuchira simba, utano nekubata kwaMweya anoshanda mumuviri wangu kuburikidza naMweya mutsvene.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hurwere nerufu hamuna simba pamusoro peupenyu hwangu. Mweya mumwe chete akamutsa Kirisitu kubva kuvakafa anorarama mandiri, naizvozvo, handikundikani. Vanhu vakaita seni havafi zvekumhanya!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
2 Vakorinde 4:16



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 107**
Ruka 7:26-50, Mapisarema 41-43

MAFURO MANYORO

VaGaratiya 6:7-8

Musanyengerwa: Mwari haasekwi. Munhu anokohwa zvaanodyara. Anodyarira nyama yake achakohwa kuparadzwa kunobva panyama iyoyo; uyo anodyarira mweya, achakohwa upenyu husingaperi hunobva pamweya iwoyo.

Kune mutauro wakapfumbira wekuti mafuro manyoro anowanikwa kune imwe nzvimbo. Vazhinji vanongowira munhema idzodzi. Vamwe makirisitu akapinda mumatambudziko anotanga kufunga kuti pavainge vasina Kirisitu hupenyu hwaiva nani kupfuura vaina kirisitu. Zvisinei, chokwadi ndechekuti mafuro manyoro anowanikwa paunodiridzira.

Muupenyu hwako hwekare waidiridzira nharaunda yako nekurarama upenyu hunodiwa nevanhu. Asi zvino, kuti uwane ropafadzo muna kristu , unofanira kudiridzira nzvimbo yako neshoko raMwari uye neukama naye. Upenyu hwako ibindu , gadzirisa neshoko, wodiridzira nekutaura naMwari wacho.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndibatsirei kudyara muzvinhu zvemweya. Pandinodiridzira upenyu hwangu neshoko , itai upenyu hwangu kuti huyendeke uye ubereke zvibereko.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Upenyu hwangu muna Krisitu ibindu rine mukurumbira! Ndinodiridzira neshoko raMwari. Pandinozvipa kuzvinhu zvemweya, ndinokohwa upenyu husingaperi.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jeremia 17:7-8



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 108**
Rute 1-2; Johane 9:1-22



GUVHU RECHIVI

Johani 3:3

Jesu akapindura akati, Rabhi tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva kuna Mwari. Nokuti hakuna munhu angagona kuita zviratidzo zvamunoita kana Mwari asinaye.

Guvhu rinobatanidza mwana ari mudumbu kuna amai vake, achipihwa chikafu, mweya wekufemesa, nekuchengetedzwa kusvika musi waanozvarwa. Panongozvarwa mwana, tambo iyoyo haichadiwa nekuti mwana anenge ava kuzviraramira ari ega.

Naizvozvo, usati watendeuka, wainge wakabatwa neguvhu rechivi, uchirarama wakapesaniswa naMwari. Asi pawakazvarwa patsva tambo iyoyo yakadamburwa. Zvino rave basa rako kusiya chese chinokudzosa kuchivi. Wava kuchengetwa neupenyu hwaKristu huri mauri, upenyu hunopa ruchengetedzo rwedenga, kubudirira kuwana zvakasianiswa nenyika ino. Usatarire zvekare, hupenyu hutsva hwatotanga izvezi.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kufamba ndakasiyaniswa neupenyu hwekare. Ndinotarudza kurarama upenyu naKristu ari mandiri, uye nekusadzokera munzira dzechivi.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisisina kubatirira patambo yechivi! Pandakazvarwa patsva, ndakagamuchira upenyu hwaKristu. Mweya wake ndihwo upenyu nekuwana kwangu, nezita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaRoma 6:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 109**
Rute 3-4; Johani 9:23-41

KUTSVAGWA NEWAKAIPA

Mabasa avaPostora 19:14-15

Vanakomana vanomwe vaSikevha muprista mukuru waJudha, vakanga vachiita izvozvo, rimwe zuva mweya wakaipa wakavapindura ukati Jesu ndinomuziva, uye Pauro ndino muziva asi imi ndimi vanaaniko?

Pamazuva e Wild Best, mbavha hurusa dzaidiwa nehurumende vakaita zvakaipisira zvekusvika pakuiswa muma pepa nhau pachipiwa vanhu mubairo kune vanenge vavawana. Vaizivikanwa nekutsvagwa zvakanyanyisa! Ndimu yanhasi inoratidza vana vaSikevha vachiedza kuburitsa mweya wakaipa ivo vasina mweya mutsvene asi mweya wakaipa wakati kwavari Jesu ndinomuziva naPauro ndinomuziva asi imi muri anani chaizvo?

Ishe Jesu naPauro vainge vakatakura humambo hwedenga zvekuti vaizivikanwa kunyangwe kukamba yemuvengi, zvekuti vaito tsvagwa mukamba yewakaipa. Hukama hwakadai unoberekwa nehukama hwakadzika naMwari, kuramba muchishamwaridzana, nekuzvipira muzvinhu zvemweya. Zviumbe kusvikira rima rakunzwisisa Kristu ari mauri.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndipinzei muukama hwakadzama nemi. Umbai mweya wangu kuitira hushe hwakristu huri mandiri huonekwe uye huzivikanwe munyika yemweya.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Lord, help me to study Your Word diligently and with balance. Give me understanding across all scripture so I may live equipped, approved, and victorious in every area of my life.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Marko 16:17



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 110**
1 Samueri 1-2; Johani 10:1-18



KUNYENGERWA

VaEfeso 6:11

Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari kuti mugogona kumira muchirwa namano adhiabhoi.

Mbavha padzinoronga kuba, vanotanga nekuuraya imbwa nekuti dzinogona kuzivisa kupinda kwavo kana kuvaruma. Kuponda mhuka idzi kunovabatsira kuti pasava neruzha uye vasamiswa kuita basa. Nzira huru yavanoshandisa kuisa muchetura muchikafu chembwa. Nyama yacho inogona kuyevedza asi ichiuraya zvisingaiti. Nemuvengi anoshandisa nzira iyoyo.

Wakaipa paanotsvaka mukana wekupinda muupenyu hwako, anobata nzvimbo dzawakanetera opinda neipapo zvinoita kunge zvakanaka asi achiwana mukana wekuisa muchetura unouraya. Semwana waMwari hakuna chombo chakagadzirwa chinobudirira, asi isa rusvingo rweupenyu hwako neshoko raMwari. Muvengi ari kurwa hondo yaakakundikana, usamupa mukana wekupinda.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kuona nekuramba kunyengera kwewakaipa. Ndisimbisei neshoko renyu, kuitira kuti ndisanyengerwa kana kufurirwa nemuvengi kuti awane mukana muupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kunyengerwa newakaipa! Zvinhu zvose zveupenyu hwangu zvine ruzhohwa rweshoko raMwari. Muteyo wewakaipa hunofumurwa izvezvi nezita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jakobho 4:7



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 111**
1 Samuiri 3-4; Johani 10:19-30

KUKWIRA MANERA EROPAFADZO RWAMWARI

Ruka 16:10

Ani naani anogona kutendeka pazvinhu zviduku anogonawo kutendeka pane zvakawanda, uye ani naani asina kutendeka pazvinhu zviduku duku achawawo asina kutendeka pazvinhu zvakawanda.

Mumishando pane chavanoti manera emushandira pamwe. Kutangira pasi zvinongoreva kushanda nguva yakareba uchiwana mari shoma, asi avo vanokunda muchikamu chega chega vanosimuka kuenda kumusoro. Kusimudzirwa kunouya semubairo wekushingirira, kukunda nekuvimbika.

Nenzira imwecheteyo, Mwari anovandudza nekusimudzira avo vakatendeka pazvinhu zvavakapiwa naye. Ukashanda mubasa raMwari kukunda kunodiwa muzvikamu zvole zvevanera eropafadzo. Shanda wanikwa panzvimbo nezvese zvauinazvo, kubatirana nemukana akatokupa nekuti anovimba newe, chitarira uone achiunza zvizhinji.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndibatsirei kuve munhu akatendeka pabasa ramakandipa. Ndidzidzisei kugona nekungwarira kuitira kuti ndikure muzvinhu zvakandigadzirira.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mufudzi akanaka papfuma yandakapihwa naMwari. Handishore mavambo anoshoreka nokuti Mwari ane zvikuru zvaakandigadzirira. Pandinoshanda nesimba, ndinosimuka pamanera eropafadzo raMwari!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Zekaria 4:10



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 112**
1 Samueri 5-7; Johani 10:31-42



KUTEVEDZERA ZVEHASHA

2 VaKorinde 2:11

Kuitira kuti Satani arege kutinyengera nokuti mano ake tinoaziva

Munyika yemhuka, pane chiitiko chavanoti kutevedzera zvehasha, zvekuti mhuka dzinotevedzera dzimwe mhuka dzoita kunge dzakanaka asi dzichikwezva muriwo wadzo idzo dzisingaoneki. Mhuka idzi hadzina simba kupfuura mhuka dzavari kukwezva, kunyengera kunoita chombo chihombe pakadai. Aya ndiwo mashandiro ewakaipa.

Kana uri muKirisitu, kuuya kwemuvengi hakuna simba; mapindiro ake mamwechete ndeekunyengera. Hazvisi zvose zvinokukuvadza zvinouya nemutoo iwowo. Kuwa kwaAdamu kwakauya semuchero wakanaka, kuedzwa kwaMozisi kwaiva mune zvinoyevedza zvava ljipita. Basa rako semwana waMwari usawira muhunyeri hwaSatani. Isa rusvingo rweshoko, kuitira kuti paanouya achida kuwana mukana une simba rekugona kumumisa.



MUNAMATO WANHASI

Baba, rodzai kunzvera kwangu kuitira kuti ndisashora kunyengera kwemuvengi. Chengetai upenyu hwangu neshoko renyu mundisimbise ndigone kumira pane kunyengera kwewakaipa.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hatina kupusa kune mano mano ewakaipa. Hupenyu hwangu hwakachengetwa neshoko raMwari. Zvisinei nezvichashandiswa nemuvengi, ndichamira uye ndichakunda paanouya. Ndinodzivirira kunyengera kwake nezita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaEfeso 6:11



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 113**
1 Samueri 8-9; Johani 11:1-16

KUDZIVISA DUTU

VaEfeso 4:26-27

Mukutsamwa kwenyu musatadza, musarega zuva richivira muchakangotsamwa

Dutu remvura zhinji panyika pano rakaita mazuva makumi matatu nerimwe. Asi vanhu vanoshungurudzika kwemazuva akawanda kupfuura aya, kwete nekuda kwemamiriro ekunze, asi vanorera zvigumbu vachibatirira pakutsamwa. Shoko rinoti zvigumbu nekutsamwa zvinopa muvengi mukana wekupinda, owedzera matambudziko auri kupindana nawo.

Kuregerera ndiyo nzira hombe yekumisa dutu muupenyu hwako. Kuzvidya moyo nekubatikana zvombo zvinokusungirira uye unogara wakabatikana muupenyu. Mugore rino reMafuta anoShamisa, siya zvigumbu zvese uone upenyu hwako uchipinda murusununguko rwaKristu rwaakakupa pamuchinjikwa. Regedza ngetani dzekare, woregerera uye wozorodza dutu!



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndipeio nyasha dzekukurumidza kuregerera zvamuchose. Ndinoregerera mhosva dzese uye handipi wakaipa mukana kuti awane mukana wekundibata kuburikidza neruvengo, kubatikana nekufundumwara.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handibatiriri pane kufundumwara uye ruvengo. Nekusarudza kuregerera, ndinonyaradza dutu rose muupenyu hwangu. Handipi wakaipa mukana!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Marko 11:25



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 114**
Ruka 8:1-25; Mapisarema 44-45



Encourage Bless Love Hope

MUTAURO WAMWARI

Jakobho 1:26

Kana munhu upi zvake achizviti akarurama uye asingachengeti rurimi rwake zvakasimba, anozvinyengera uye chinamoto chake hachina maturo.

Semwana waMwari, zvakakosha kudzidza kusarudza mashoko ekushandisa. Makereke mazhinji, mapoka enyika nevamwewo vanhu vanogona kuzvisiyanisa nengowani kana machira avanopfeka, asi Kirisitu akasarudza rudo sechinhu chinosiyanisa vamwe pane vanomutevera. Unoratidza rudo kwete nemaitiro ako chete asi nematauriro akowo zvakare.

Mashoko ako ndeekurudziro here kana kuti ndeekushora vamwe? Anoratidza rudo rwaKristu here? Kana asiri, dzidza kutanga nhasi kukoshesa mashoko ako aunotaura. Shoko raMwari rino dzidzisa kuti kutenda kwechokwadi kunoonekwa uye kwakabatorira pakugona kubata rurimi rwako. Shoko rese raunotaura rine simba rekuvaka vamwe kana kuvapatsanura. Nhasi sarudza matauriro aMwari.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibetserei kuchengeta rurimi rwangu. Mashoko angu ngaaratidze rudo, huchenjeri nenyasha, uye mashoko angu anovaka nekukudzai Mwari.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva zvakakoshera kuchengeta rurimi rwangu! Matauriro angu anoratidza huMwari, uye zvinhu zvose zvinoonesha Kiristu anorarama mandiri.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaEfeso 4:29



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 115**
1 Samueri 10-12; Johani 11:17-29

MUNHU AKABUDIRIRA

Genesisi 39:2-3

Mwari akanga aina Josefa uye akaita kuti abudirire, uye aigara muimba yomuljipita, tenzi wake. Tenzi wake akati achiona kuti Mwari anaye uye kuti Mwari akamuita kuti abudirire muzvinhu zvose zvaakanga achiita.

Munyaya iyi Josefa aiva muranda muimba yatenzi wake, asi aingonzi munhu akabudirira mumaziso aMwari! Vatendi vazhinji vanopima kubudirira kwavo nezvinhu zviri kuvawira nhasi, asi kuva naMwari ndicho chinhu chikuru chinoratidza kuti unobudirira.

Kunyangwe Josefa aiva muranda panguva iyi, akazoita murume ane simba muljipita. Mwari anokuisa pekuti uwane upfumi uyo hwaakakupa munyika yemweya. Nyangwe zvauri nhasi zvisingaratidzi zvakarehwa naMwari pamusoro peupenyu hwako, tanga kurarama semunhu akabudirira, nokuti wakatobudirira!



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndibatsirei kufamba ndichiziva kuti pane huvepo hwenyu pese pandiri. Zvisinei nezvandino pfuurana nazvo, ndinosarudza kurarama semunhu akabudirira mamuri.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinobudirira muzvinhu zvose zvandinoita. Zvisinei nezvandinoona, ndinofamba munyasha nemukubudirira. Jesu mambo wenyika ino, anorarama mandiri uye anoita kuti ndibudirire!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Joshua 1:8



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 116**
1 Samueri 13-14; Johani 11:30-45



MAGIRAZI AKAPENDWA

1 VaKorinde 13:4-5

Rudo rune moyo murefu, rudo rune moyo munyoro. Haruna godo, haruna manyawi harina kuzvikudza. Haruiti zvokuvirimira vamwe, harutsvaki zvarwo, harukurumidzi kutsamwa haruna pfundi pfundi.

Kuona munhu nepagirazi rakapendwa zvinotaura kuti kuona zvakanaka uchisiya zvakaipa asi uchiona zvikuru zvanokwanisa kuita. Ndimba yedu yanhasi inotaura zvazvinoreva kufamba murudo rwaMwari. Chimwe cheizvi kusarudza kusachengeta zvawakatadzirwa nemunhu.

Kuisa magirazi emweya hazvirevi kuramba zvawakatadza, asi zvinoreva kusarudza kufamba murudo rwaKristu sezvo akatidawo, pasina kufundumwara, kushora, kana tsamba yezvakambo tadzwa nemumwe. Ita maonero ako evamwe ane akavharwa nerudo, uye gore rino richava rakakukoshera zvikuru!



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndidzidzisei kuda vamwe semadiro anoita kirisitu. Ndibatsirei kubvisa zvandakatadzirwa, kuramba, kufundumwara, ndione vamwe nemaziso enyu ane rudo rwakadzama.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoda vamwe nerudo rwandakaradidzwa naKirisitu, rusina godo, shanje nekubatikana. Ndinotarudza kuona zvakanaka pane munhu wese, zvisinei nezvawakatadza kare kana kukundikana.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaEfeso 5:2



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 117**
1 Samueri 15-16; Johani 11:46-57

TARIRA NZIRA YAKO

1 VaKorinde 10:12

Hatidi kuedza kuzvienzanisa kana kuzvifananidza navamwe vanozvirumbidza. Pavanozvieri vachizvienzanisa naivo pachavo, Havana kuchenjera.

Hupenyu makwikwi, mumabasa, murudo, kana mumhuri chaimo, asi shoko rinotidzidzisa kuti kuzvienzanisa navamwe hakuna kuchenjera. Vatendi vazhinji vanozvipa mutoro nekushungurudzika nekuda kwekuenzanisa mafambiro avo naMwari nevamwe. Shoko rinoti makwikwi makuru ndeekuzvienisa uri wega.

Hazvina kuipa kuona budiriro yevamwe, asi shungu dzako ngadzive dzekukura kupfuura zvawanga uri nezuro, kwete kuda kukunda vamwe. Usarasika munzira yawakagadzirirwa naMwari nekuongorora rwendo ruri kufambwa nevamwe. Ramba wakatarira nzira yako, ramba uchikura uye zuva roga roga yedza kuzvisimudza kuti uite zvawakadanirwa naMwari.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, itai nditarire nzira yamakandigadzirira. Ndisunungurei pane kuzvienzanisa nevamwe mondibatsira kukura zuva roga roga zvinoenderana nehurongwa hwenyu pamusoro peupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoita makwikwi angu ndoga. Ndakatarira nzira yandakagadzirirwa naMwari. Pandinofamba muhurongwa hwake, nyasha dzake dzinondisimudzira, ropafadzo inonditevera kwese kwandinoenda!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaGaratiya 6:4



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 118**
1 Samueri 17-18; Johani 12:1-16

NHAKA YEROPAFADZO

1 Petro 3:9

Regai kudzorera chakaipa nechakaipa kana kutuka nekutuka, asi namaropafadzo nokuti ndizvo zvakakadanirwa izvozvo kuitira kuti mugare nhaka yokuropafadzwa.

Ungangodaro uchidzikisira basa raKristu raakaita pamuchinjikwa uchiti ndezve upenyu husingaperi chete? Kirisitu anorarama mauri zvekuti haucha batirana nevamwe muzvituko zvinovhiringa avo vasingararami muna Kirisitu. Chokwadi chaunorarama machiri ndechemunhu anoziva kuti chituko hachikubati Mwari akaita kuti usabatwe nezvituko.

Une chinyorwa chaKirisitu, wakafanana naye uye wakashongedzwa nesimba rake. Hakuna chituko kana chipomerwa chinopfura naparuzhohwa rwaakaku komberedza naro. Uenyu hwako hwakazadzwa neropafadzo. Naizvozvo rarama uchitarisira kunaka kwaMwari nenyasha dzake pane kutya zvinhu zvinogona kuitwa nemuvengi.

Rangarira nhaka yako kuti haisi yeupenyu husingaperi bedzi, asi kukunda, runyararo, nekusarudzwa kunge uchifamba naye.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai nenhaka yeropafadzo yandinayo muna Kirisitu. Ndirabatsirei kufamba ndakasimba pasina zvituko, asi kutarisira kunaka nenyasha dzenyu mazuva ose.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ropafadzo inonditevera kwese kwandinoenda. Ndinorarama hupenyu husina kutukwa. Hakuna hun'anga kana chombo chemuvengi chingandirwisa ini nemhuri yangu, nezita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Numeri 23:20



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 119**
1 Samueri 19-20; Johani 12:17-36

MUNHU WEMUKATI

2 VaKorinde 4:16

Naizvozvo hatiori moyo, kunyangwe zvazvo kunze tichiparara asi mukati tiri kuvandudzwa zuva nezuva.

Uri mukuru kupfuura zvaunozviona muchiringazuva. Muviri wako unoshamisa, asi ungori mucherechedzo unoita kuti uzivikanwe nevamwe. Shoko rinoti iwewe chaiye mweya ari mukati mauri. Munhu wekunze paanoneta, kukura, kupera simba, munhu wemukati anenge achivandudzwa zuva nezuva.

Pawakazvarwa patsva, wakagamuchira Mweya wakirisitu. Wakazvibvisa mukusungwa nezvinhu zvinodzivisa zvenyika ino ukabva wapinda muhupenyu hukuru naMwari. Zvinoreva kuti nhamo dzinotambudza avo vari munyika, hurwere, kushaya, kutya nekukundwa hazvikubati. Mugore rino reMafuta anoShamisa, gara uchiziva kuti uri munhu weMweya, wakasimbiswa kuti usimuke kubva pane kudzvanyirirwa.



MUNAMATO WANHASI

Mwari, ndibetserei kuti ndizive kuti ndiri ani! Simbisa munhu wemukati zuva rega rega mondisimudza kuti ndisimuke pamusoro pezvinhu zvingada kundiwisira pasi zvenyika ino.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muviri wangu ungori demhe rezvandiri! Hapana urwere, hosha kana kushaya kunondidzikisira, nokuti ndakasimudzwa kuupenyu hukuru. Mweya waMwari unorarama mandiri!



**KUPFURIKIDZA
KUPERENGA**
VaRoma 8:9



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
MAZUVA 365 - ZUVA RECHI 120**
1 Samueri 21-23; Johani 12:37-50

KUZVARIRWA KUKUNDA

1 Johani 5:4 (Bhaibheri reChishona)

Nokuti chose chakaberekwa naMwari chinokunda nyika; uye uu ndiko kukunda kwakakunda nyika, iko kutenda kwedu.

Nekuti uri muna Kristu, une kukunda kwawakatakura mauri. Kutya uye kusava nechivimbo hakungave kuri mauri zvamuchose. Tsika dzedu nechitenderano chedu ndiko kukunda nekuva pamusoro kwedu, zvichisanganisira zvose panyama nepamweya.

Rugwaro runosimbisa kuti takaberekwa naMwari, uye MuApostori Johani anotaure chokwadi chine simba. Anoti kana uri chibereko chaMwari, uri mukundi wepasi rose. Zvinoreva kuti une simba rekukunda chero chese chine chekuita nenyika ino pasi rose. Kana uri muna Kristu wakakunda urombo nakare, zvipingamupinyi uye uroyi. Kusagadzikana kwehupfumi uye kushushikana zvave zvinhu zvekare. Famba mukukunda, nekuti wakakunda nyika muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinotenda kuti ndakaberekwa nemi uye ndakatemerwa kukunda. Simbisa kutenda kwangu uye ushingi hwangu kuti ndifambe pamusoro pekutya, zvipingamupinyi uye zvinhu zvese zvenyika ino, uye ndirame zuva nezva mukukunda kwaKristu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinofamba mukukunda uye chiedza chalshe wedu Jesu Kristu. Hapana chinhu chakaipa chenyika ino chingandibata. Kubudirira nepfuma ndezvangu.



KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA

Mapisarema 60:12



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 121

Ruka 8:26-56; Mapisarema 46-48

PAMUSORO PESAINZI

Vafiripi 3:8 (KJV)

Zvino hakungavimwi, asi ndinoverenga zvinhu zvose sezvakarasa, nokuda kweukuru hweruzivo yaKristu Jesu Ishe wangu. Nekuda kwake ndakarasikirwa nezvinhu zvose, ndichiverenga izvozvo semarara, kuti ndiwane Kristu

Kana ukatarisa kuoma kwezvinhu zvesainzi, ungangofunga kuti hapana chingachikunde. Physics, chemistry, biology—chero zvinhu zvatajira mukurama kwedu pazuva rega rega, sekubhururuka kwendege, kuvhiyiwa muchipatara kwevanhu, kana kubika pizza yaunofarira—zvese zvinoshanda nekubudikidza kwesainzi.

Mukuverenga kwanhasi, MuApostora Paulo anoshongedza chinhu chikuru: muna Kristu, tine ruzivo rwukuru kubudikidza kunzwisisa. Izwi rekuti ruzivo apa mukutaura kwechiGiriki rinonzi gnosis, zvichireva kuti “sainzi”. Zvichireva kuti ruzivo rwaunaro muna Kristu rwakakura zvakananya kudarika sainzi uye mamwe mapato ekuziva kwemunhu. Hazvigoni kuti ukundikane muupenyu hwako, nekuti kunzwisisa kwako kunobva muuchenjeri waMwari—uchenjeri uri pamusoro pemapato ose epasi rose.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndinotenda neruzivo rwepamusoro rwandinaro muna Kristu. Wedzerai Nzwisiso yangu neMweya Wenyu uye tungamirai zvisarudzo zvangu neungwaru hwenyu hwekudenga kuti ndibudirire pamusoro pezvose zvinoremerwa nepfungwa dzevanhu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine ruzivo nekunzwisisa kukuru. Upenyu hwangu hwakazara neungwaru waMwari unobva kumusoro. Kunaka netsitsi ndizvo zvinondiraramisa, muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

Vakorose 1:26



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 122**

1 Samueri 22-24; Johani 13:1-20

HAPACHINA KUTSVAGA PFUMA

2 Vakorinde 4:7 (Bhaibheri Dzvene)

Asi tine pfuma iyi mumidziyo yevhu, kuti ukuru hwebasa huve hwaMwari, kwete hwedu.

Nyika iri kuita zvese zvinobvira kutsvaga pfuma itsva nezvicherwa. Apo pavanowana chinhu, vanozvipembedza pasi rose, vachipembera uye kunyora pasi izvo zvavanoona sekubudirira kwavo. Asi mauri mune chipo chakakura kupfuura chero chinhu chavangafukunure sendarama munyika ino. Bhaibheri rinoti tine zvipo muhari dzenyika ino. Mukati mauri mune ndarama ine huMwari yakavigwa uye isati yabuda.

Anabhudhi nanasisi, pauri wakapfurikidza nzvimbo inowanikwa ndarama. Une upfumi wose ungavemo munyika ino. Utano, mari, runyararo, nechose chakanaka chirimo mauri. Hapachina kutsvaga pfuma munyika ino nekuti Kristu chipo chikurusa ari mauri nechekare. Vhura muromo wako utaure chipo chaunoshuwira kuona chichizadzikiswa nemuZita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndimutsei kuchipo chamakaisa mandiri. Ndibatsirei kuti nditaure mukutenda uye kudhonza kwandiri utano, kuwana, runyararo nechose chakanaka lmi chamakaisa muupenyu wangu kubudikidza naKristu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine zvipo zvizhinji mandiri. Mari, utano, nechero chimiro chepfuma zvinoderera kubva mandiri. Nhasi. Ndinoporofita kuwedzerwa mune zvose zvinechekuita neupenyu wangu. Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaKorose 1:27



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 123**
1 Samueri 25-26; Johani 13:21-38



KUBWINYA KUKURU

Hagai 2:9 (Bhaibheri Dzvene)

Kubwinya kweimba iyi yekupedzisira kuchava kukuru kupfuura kwekutanga, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo; uye munzvimbo iyi ndichapa rugare, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.

Mozisi akayambuka Gungwa Dzvuku uye akaita zvishamiso pamberi paFarao nevanakomana valsaeri. Uko kwaiva kubwinya kwaJehovha kwakaratidzwa. Muporofita Eria akadana moto kubva Kudenga, uye uko kwaiva zvakare kubwinya kwaMwari kwakaratidzwa. Asi mushure mezvose izvi, Bhaibheri rinoti kubwinya kweimba yekupedzisira kuchava kukuru kupfuura kwekutanga.

Isu, vari muSungano Itsva, takagamuchira chipo cheruponeso; tine kubwinya kukuru. Upenyu hwedu unofanira kupenya kupfuura hwaEria kana hwaMozisi. Tiri avo vanorarama muzvinhu zvaitomboshuvirwa nengirozi kuti zviratidzwe.

Sezvaunotanga zuva ranhasi, kubwinya kwaJehovha kucharatidzwa munzira dzose dzehupenyu hwako, enda uone kubwinya kukuru kuchiratidzwa muzita raJesu!



MUNAMATO WANHASI

Ishe, itai kubwinya kukuru kweSungano Itsva kupenye muupenyu hwangu nhasi. Ratidzai runyararo rwenyu nerugare munzira dzose dzeupenyu hwangu, uye regai kusava nechinoshaikwa kana kushomeka muupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubwinya kukuru ndihwo hupenyu hwangu. Ndinorayira zuva rangu kuti rive kuratidzwa kuzere kwerudo rwaMwari. Hapana chichashaikwa kana kushomeka muupenyu hwangu kusvika kumagumo enyika (rapture). Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jobho 8:7



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 124**
1 Samueri 27-29; Johane 14

MUMHANYI AKANAKISA

Mateu 24:14 (KJV)

“Uye Evhangeri yeUmambo ichaparidzwa pasi rose sechapupu kumarudzi ose; ipapo magumo achasvika.”

Ndaiwanzotarisa mitambo yekumhanya, uye kuchikoro taimhanya mumakwikwi etrack tiri vana vadiki. Murelay, vatambi vanorongwa kubva pekutanga kusvika pekupedzisira. Kazhinji, denderedzwa rekupedzisira rinopihwa kumumhanyi akanyatsosimba.

Kana ukaongorora Magwaro, unoona kuti tiri zvino mumagumo chaiwo enguva dzekupedzisira. Zvinhu zvaifanira kuitika Kristu asati adzoka zvatoitika. Izvi zvinoreva kuti ndiwe chizvarwa chakasarudzwa kupedza denderedzwa rekupedzisira. Sei? Nekuti une nyasha nesimba raMwari rekupedza mujaho. Ndicho chikonzero uri mupenyu munguva iyi yechiporofita.

Enda unotendeutsa vanhu. Shandura hupenyu hwemunhu. Iva mushumiri anoshanda munaKristu kusvika kumagumo enyika. Sezvaunotebdeutsa vanhu nhasi, nhoroondo yako yekudenga iri kuwedzera. Ita maererano neshoko iri—usarasikirwe naro.



MUNAMATO WANHASI

Baba, tomutsai moyo wangu nekukurumidzira netsitsi pamweya. Ndisimbisei kuparidza vhangeri nesimba kubudikidza nemashoko angu nemabasa angu, uye regai vazhinji vagamuchire ruponeso kubudikidza neupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotenda Mwari nenyasha nesimba rekupedza mujaho. Ndine kudanwa kwepamusoro pamusoro pemhuri yangu nevose vakandikomberedza. Kuburikidza neni, vazhinji vachagamuchira ruponeso muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

Zvakazarurwa 10:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 125**

1 Samueri 30–31; Johane 15

TAURA NENYIKA

Jeremia 22:29 (KJV)

“Iwe nyika, nyika, nyika, inzwa shoko raJehovha.”

Muporofita Jeremia akaratidza chimiro cheushumiri chinonetsa kunzwisiswa nevacheche muHumambo—kutura nenyika. Rangarira kuti muviri wako wenyama wakabva muvhu, uye zvese zvine chekuita nebaso rako kana kutumwa kwako zvinoshanda panyika. Maererano neMagwaro, nyika inokwanisa kunzwa uye kubereka zvinoenderana nechiremera chemirairo yako.

Nhasi, taura nenyika usati watsika pairi; porofita zvakanaka netsitsi. Kwese kwaunoenda, nyika ichapindura izwi rako. Migove yako iri kuwira munzvimbo dzinofadza paunoramba uri panyika pano. Zarura muromo wako uye raira nyika ibudise zvaunoda, uye semuporofita waMwari, ndinotaura kuti zvichaitika muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, isai Shoko renyu mumuromo mangu nechiremera. Sezvandichitaura, regai nyika ipindure ichindifarira, ichibereka zvakanaka, kuwedzera, nemigumisiro inofadza kwese kwandinoenda.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Simba reShoko raMwari riri mupenyu mandiri, uye kutukwa kwese, kudzvinyirirwa, nezvirongwa zvemuvengi pamusoro pangu zvaparadzwa. Nyika inopupura kubwinya kwaMwari muupenyu hwangu. Zvadaro zvichaitika, muzita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Marko 11:23



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 – ZUVA RECHI 126**
Ruka 9:1–17; Mapisarema 49–5

MARI INE CHINANGWA

Zvirevo 11:11 (KJV)

“Negadziriro yevakarurama guta rinokudzwa; asi rinoputswa nemuromo wevakaipa.”

Vhangeri nderemahara, asi nzira dzekuiendesa kuvanhu dzine mutengo. Vaparidzi vazhinji vanotsoropodzwa kana vachisimudza mari kana kuita zvinhu zvine chekuita nemari, nokuti nyika haina kuona chokwadi chekuti vhangeri harigoni kufambira mberi pasina zviwanikwa. Rugwaro runoratidza kuti upfumi ndiwo unoitwa kuti Humambo hwaMwari hupararire. Zvakapesana nazvo ndezvechokwadiwo—pasina upfumi, Shoko hariparariri.

Uri kuverenga kopi yemahara yeshoko ranhasi, asi kuidhinda kwakanga kusiri kwemahara. Kunyangwe iri paNdaneti, mushina (computer) yakashandiswa kunyora yakatengwa. Ndosaka uchifanira kuva nemari, uye imari ine chinangwa—chekutsigira makurusa eEvhangeri nekuburitsa shoko iri kumakona mana enyika. Enda nhasi uite mari ine chinangwa!



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndipfumisei ndine chinangwa uye mudiite mutariri akatendeka wezviwanikwa zveHumambo. Zarurai mikova yekuwedzera kuti nditsigire vhangeri nekufambisa basa renyu mumikana yose yandinopiwa.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Imari ine chinangwa, uye mikova yose iri kuvhurika kwandiri muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

Mapisarema 112:3



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 127**

2 Samueri 1-2; Johane 16

SIYA NZVIMBO YAKO YEKUNYARADZA

Dheuteronomio 1:6 (KJV)

“Jehovha Mwari wedu akataura nesu paHoreb achiti, Magara pagomo iri kwenguva yakareba zvakakwana.”

Mwari akaudza vana valsraeri kuti vakanga vagara paGomo reHoreb kwenguva yakareba zvakakwana. Ndiye akanga avatungamirira ikoko, asi nguva yakasvika Mwari pachake asingachadi kuvaona vachiri panzvimbo imwe. Paakavapa murairo wekufamba, vakanga vasingaendi kunzvimbo yekunyaradza—vaifamba kunosangana nevaKenani nemahofori aiva munyika yechipikirwa.

Vaifanira kusiya nzvimbo yavo yekunyaradza kuti vatore zvavakanga vatopiwa naMwari. Kugara pagomo kwakanga kusingavabatsiri; kwaingovanyaradza ndangariro dzeljipiti, asi pasina zvibereko zveNyika yeChipikirwa. Watotambira Shoko pandakataura zita regore idzva. Zvino enda unokunda nzvimbo itsva. Tarisana nekutya kwako kukuru, uye shandira chiporofita chako muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndipei ushingi hwekusiya nzvimbo yangu yekunyaradza ndichitora nzvimbo yamakandigadzirira. Ndisimbisei kusangana nekutya, kuita maererano neShoko renyu, uye kuzadzisa basa rangu rechiporofita.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vakandipa nzvimbo itsva dzekukunda. Nenyasha dzavo, ndinomuka nhasi ndichidzitira muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Muparidzi 3:1



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 128**
2 Samueri 3–5; Johane 1

KUNAKA KWAKAPETWA KAGUMI

Danieri 1:20 (KJV)

“Pakuedzwa kwamambo, Danieri akawanikwa akapfuura kakapetwa kagumi kupfuura varoyi navanofembera vose.”

Kufungidzira kwenhema kuti vanhu venyika vane chimwe chinhu chinopfuura icho chevari muHumambo hwechiedza. Chiedza chinoshongedza uye chinodzinga rima. Mambo akaedza Danieri nekupa vamwe vake chikafu chakanakisa, asi Danieri akadya muriwo chete. Maererano nezvinotarisirwa nenyika, Danieri aifanira kuonekwa asina simba, akashaya simba, uye asina mufaro, asi akawanikwa ari kakapetwa kagumi ari nani. Hareruya!

Unogona kunge wakapinda zvikoro zvakanakisisa kana wakambove nemikana yakaderera, asi zvino uri muna Kristu, wakagadzirirwa kuva kakapetwa kagumi ari nani. Kwawakabva, zita rako, kana nhoroondo yako hazvina simba pamusoro pekwauri kuenda. Kristu ari mauri ndiye tariro yekubwinya kwese. Uri kakapetwa kagumi uri nani kupfuura avo vanofamba murima! Hareruya, Amen.



MUNAMATO WANHASI

Baba, nyasha dzenyu, ndiitei kakapetwa kagumi ari nani muuchenjeri, mukunaka kwebasa, nemigumisiro. Kristu ari mandiri ngaandisiyanise munzvimbo dzose, uye basa rangu ngaritaure nerupo rusingarambiki.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nyika haigoni kukwikwidza neni. Ndiri kakapetwa kagumi. Ndine ruzivo rwepamusoro, uye nyasha dzaMwari dziri kushanda mandiri, muzita raJesu. Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Zvirevo 22:29



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 129**
2 Samueri 6-8; Johane 18:1-18

HAPANA MADHAKA EIJJIPITI

Eksodho 14:22 (KJV)

“Vana valsraeri vakapinda pakati pegungwa panyika yakaoma; mvura yakava madziro kurudyi rwavo nokuruboshwe.”

Mwari paakabudisa vana velsraeri muljipiti, Bhaibheri rinoti vakayambuka Gungwa Dzvuku pasi pasina kutota. Haana kuda kuti vatakure madhaka eljipiti vachienda nawo kuNyika yeChipikirwa. Saizvozvo, Mwari haadi kuti iwe utakure madhaka ekare ehupenyu hwako kuenda mberi. Uri muna Kristu; uri chisikwa chitsva, uye zvinhu zvekare zvapfuura.

Wakatama kubva murima kuenda muchiedza. Usabvumira muvengi kukushungurudza nezvivi zvekare kana kukundikana. Zvinhu izvozvo zvapera. Regai chivimbo chako chidzororwe uye famba wakashinga mumakomborero alshe wedu Jesu Kristu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndinokutendai kuti zvakapfuura zvapera uye ndaitwa mutsva muna Kristu. Dzorai chivimbo changu, nyararidzai kupomera kwese kwemuvengi, uye ndibatsirei kufamba ndakashinga mumakomborero amakandigadzirira.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nenyasha dzalshe wedu Jesu Kristu, ndakaponeswa. Zvekumashure zvakapfuura zvikapera, uye ramangwana rangu rakavimbiswa kubudirira muzita raJesu.



KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA
Isaya 43:19



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 130



NZVIMBO YEKUKUNDA

Vatongi 6:16 (KJV)

“Jehovha akatarisa kuna Gideoni akati, Enda nesimba iri raunaro, uchaponesa Israeri kubva muruoko rwevaMidhiya; handina here kukutuma?”

Hama, chero dambudziko raunosangana naro nhasi, ziva izvi: hausi kurwira kukunda—uri kurwira kubva munzvimbo yekukunda. Mwari akaudza Gideoni kuti vaMidhiya vatopihwa muruoko rwake, hondo isati yatanga.

Iwe une nyasha dzakapetwa chiuru kupfuura Gideoni. Une Mweya Mutsvene mukati mako! Izvi zvinokupa simba guru mumweya; haukundikane, hauzununguswi, uye hauparadzwi!

Chibvumirano ichocho, mari, kana dambudziko rawakatarisana naro rakaiswa mumaoko ako kuti UKUNDE! Bata chokwadi ichi uye rarama nacho!.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai kuti ndinorwa kubva munzvimbo yekukunda. Simbaisai chivimbo changu mamuri uye mundibatsire kusangana nematambudziko ose ndichiziva kuti kubudirira kwangu kwakatovimbiswa muna Kristu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kurwa kubva munzvimbo yekukunda. Kubudirira kwangu kwakavimbiswa naJehovha. Kukundikana nekutadza hazvisi mugove wangu muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Eksodho 14:13-14



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 131**
2 Samueri 12-13; Johane 19:1-22

UTANO HWOKUDENGA

VaRoma 8:11 (KJV)

“Asi kana Mweya walye akamutsa Jesu kubva kuvakafa achigara mamuri, lye akamutsa Kristu kubva kuvakafa achapawo upenyu kumuviri wenyu unofa kuburikidza noMweya wake unogara mamuri.”

Chinhu chinonyanya kudiwa pasi rose nhasi hutano. Ndosaka muvengi achigara achirwisa zvese zvinemaererano nokugara zvakanaka kwako. Kubva pakudya, zvakatipoteredza, kusvika kurima, anoedza kusvibisa nekusvavisa muviri kuti hutano hwako hutambudzike. Asi tinotenda Mwari nokuda kweMweya waMwari anogara mamuri—Mweya mumwe chete akamutsa Kristu kubva kuvakafa. Rugwaro runoti achapa simba kumuviri wako unofa.

Shoko rokuti “kupa upenyu” rinoreva kudzoreredza simba nekusimudzira. Nhasi, Mweya Mutsvene ukukusimbisa. Simba riri kupinda musero rimwe nerimwe remuviri wako. Upenyu huri kufamba mauri muzita raJesu. Hauzofi usati wasvika nguva yako; uchararama nguva refu uye nehupenyu hwakazara uchizivisa kunaka kwaJehovha



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndinokutendai nokuda kweMweya weupenyu unogara mandiri. Regai hutano hwokudenga hufambe mumuviri wangu nhasi, huchisimudzira sero rimwe nerimwe uye huchidzinga chirwere, kusava nesimba, nerufu runoganura.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Upenyu hwaKristu huri kufamba mandiri. Ndiri kubudirira muhutano nemuviri wangu. Ndakaropafadzwa zvikuru muzita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Zvirevo 4:20



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 132**
2 Samueri 14–15; Johane 19:23–42



CHIKRISTU CHECHIKORO CHEPAMUSORO

Marko 16:15 (MSG)

“Akati, Endai munyika yose mundoudza Vhangeri kuvanhu vose, kwese kwese.”

Kana uchifamba nendege, ndege nenzvimbo yekuenda zvakanana, asi ruzivo rwendo rwunosiyana zvichienderana nekirasi yawakagara. Kunyaradzwa, chikafu nemabatiro zvinosiyana pakati peconomy, business nefirst class. Paunosvika, nyaya dzerwendo rwako dzinenge dzakasiyana. Zvakangodaro muChikristu.

Vamwe vanotenda kuti muKristu anofanira kuva murombo uye anoty, asi isu tinotenda muNhau Dzakanaka dzalshe wedu Jesu Kristu. Nhau Dzakanaka ndidzo “dzinenge dzakanaka kupfuura zvaitarisirwa.” Unouya sezvauri uye unonakidzwa nezvose zviri muruponeso. Hutano hwako, mari, kubudirira—zvose zviri muchipo cheruponeso. Jesu akati, “Paridzai Vhangeri”—nhau dzakanaka dzisina chiri kushayikwa kana kushomeka. Iyi iVhangeri yechikoro chepamusoro!



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kugamuchira zvizere Nhau Dzakanaka dzaKristu. Regai ndinakidzwe nekuzara kweruponeso, pasina chiri kushayikwa kana kushomeka, uye ndigovane Vhangeri iyi ndakashinga.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotenda muNhau Dzakanaka dzalshe wedu Jesu Kristu. Ndicharama hupenyu hwechikoro chepamusoro kusvika magumo enyika, muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Ruka 4:18–19



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 133**
Ruka 9:18–36; Mapisarema 51–53

KUBEREKERWA MUKURURAMA

VaRoma 5:17 (KJV)

“Nokuti kana nokutadza kwemunhu mumwe rufu rwakatonga; zvikuru sei avo vanogamuchira kuwanda kwenyasha nechipo chokururama vachatonga muupenyu kuburikidza naJesu Kristu mumwe.”

Chipo chinhu chisingashandirwi. Chinongoda kugamuchirwa. Bhaibheri rinoti takagamuchira chipo chokururama. Hachina kuwanikwa nesimba redu asi chakapiwa nenyasha dzaMwari nokuda kwerufu rwaJesu pamuchinjikwa.

Uri mukururama zvakanwana pamberi paMwari, zvisinei nezvakaiteka nezuro. Mwari paanoona iwe, haaoni zvitadzo zvako; anoona Kristu. Kururama kwaKristu ndiko kunokumirira, kwete mabasa ako. Izvi hazvirevi kuti urame zvisina hanya, asi Mwari ndiye anoshanda matiri kuti tide uye tiite. Nhasi, gamuchira chokwadi chokuti wakachena pamberi paMwari uye ramba uchipenya nokuda kwekubwinya kwake.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndinokutendai nechipo chokururama. Ndibatsirei kurarama ndine chivimbo mazuva ose ndichiziva zvandiri muna Kristu, ndichitonga muupenyu uye ndichiratidza kubwinya kwenyu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kururama kunotonga mumoyo wangu, mumba mangu, mumari yangu, muukama hwangu neramangwana rangu. Ndinokutendai Ishe nechipo chokururama.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaFiripi 3:9



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 134**
2 Samueri 16-18; Johane 20



CHIRWIRE

Mateu 11:12 (KJV)

“Humambo hwekudenga hunotorwa nesimba, uye vane simba ndivo vanohutora.”

Kana usina kuberekerwa mumhuri ine pfuma, rega mhuri ine pfuma ibude mauri. Vakatangira pamberi pako vangave vakakanganisa, asi iwe une mutoro wekugadzira ramangwana raunoda. Upenyu haupi zvaunokodzera, hunopa zvaunorwa nazvo.

Kubva pamazuva aJohani, vane simba ndivo vanotora zvavo. Simba reHumambo harisi mhere-mhere, asi kugara wakatsiga mumunamato, muShoko, nekuita zvaunodzidziswa mazuva ose. Nhasi wagamuchira shoko rechiporofita; usarigarire—enda unorishandira. Tanga bhizinesi iro, tevera chiono chako, uye iva nechido chokubudirira kusvika magumo enyika.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndipei simba romweya nekutsungirira kuti nditevere zvese zvamakandivimbisa. Ndibatsirei kuita Shoko renyu ndakatsunga uye ndive muridzi wemaropafadzo ose akandipiwa.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutora maropafadzo ose ane zita rangu. Handingatadzi panotadza vamwe. Mukuru ari mandiri kupfuura ari munyika. Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaEfeso 6:10–12



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 135**
2 Samueri 19–20; John



MUSHONGA WAKAKWANA

Zvirevo 16:24 (NIV)

“Mashoko anofadza akaita sechihuchi, anotapira kumweya uye anoporesa mapfupa.”

Vanhu vanofamba nyika vachitsvaga mishonga, asi Bhaibheri rinoratidza chimwe chinhu chine simba kupfuura mapiritsi—muromo wako. Rurimi rwako harusi nyama chete asi chombo chinoumba, chinotungamirira uye chinodzivirira hupenyu hwako.

Taura mashoko akanaka pamusoro pako nemhuri yako. Taura upenyu, kwete rufu. Hausi kufa; Mwari vakakupa nyasha dzekurarama nguva refu. Parizvino, sero rimwe nerimwe remuviri wako riri kugamuchira upenyu neMweya waMwari muzita raJesu!



MUNAMATO WANHASI

Ishe, isai mashoko ane nyasha uye anopa upenyu mumuromo mangu. Pandinotaura, itai kuporeswa, simba nekudzoreredzwa zvifambe mandiri nevoise vakabatana neni.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharama nguva refu ndichizivisa kunaka kwaJehovha. Muviri wangu wavandudzwa nesimba reMweya Mutsvene. Ndine upenyu hwaKristu; chirwere hachisi mugove wangu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaEfeso 4:29



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 136**
2 Samuiri 21–22; Mabasa 1



KUVHAIRIRA

1 Timoti 4:15 (KJV)

"Fungisisa zvinhu izvi; zvipire kwazviri, kuti kufambira mberi kwako kuonekwe navose."

Kuvhairira nekuda kwekuzviratidza hakuna humwari. Mwari havangakukomborere kuti iwe udadire vamwe asi vanokukomborera kuti kubwinya kwavo kuonekwe muupenyu hwako. Pauro paakati "shongedza uhwando hwako kwavari vose". Aireva kuti upenyu wako hunofanira kushongedza zvawakaitirw naMwari. Kana kufambira mberi kwako kuchionekwa, ndiMwari vari kuzviratidza kuburikidza newe. Paunobudirira, mbiri inoenda kwaari.

Nhasi, nyasha dziripo kuti Mwari vazviratidze kuburikidza newe. Zvikomborero zvouya munzira dzako nekuti uri mufananidzo wekunaka kwake Mwari. Zvainge zvakaoma zvave kuita nyore, nokuti Mwari vari newe, uye vagadzirira kuzviratidza kubudikidza newe.



MUNAMATO WANHASI

Baba, regai upenyu hwangu huratidze pachena kunaka kwenyu. Itai kubudirira kwangu nezvapupu zvangu zvionekwe, zviunze mbiri kuzita renyu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kufambira mberi kwangu mumweya kuri pachena; zvibereko zvangu nekubudirira kunopenya, kuchikudza Mwari.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Mateu 5:16



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 137**
2 Samueri 23-24; Mabasa 1:1-21

KUKUNDA CHIPOROFITA

1 Timoti 1:18 (KJV)

“Urwe hondo yakanaka uchishandisa zviporofita zvakataurwa pamusoro pako.”

Chiporofita chombo chekurwa nacho kusvika watora zvako. Chero chinotaurwa naMwari pamusoro pako chinovaka mavambo ekutenda kwako, uye nekutenda hapana chinoramba. Vana velzirairi vakaudzwa kuti nzvimbo inoyerera uchi nemukaka yaive yavo. Chero hazvo vamwe vaitya hwendefa, Joshua naCaleb vakamira pachiporofiti ichocho. Vaive vakagadzirira kurwa nekutora chakanga chakataurwa naMwari.

Saka enda unotora nzvimbo itsva muzita raJesu. Mazwi akataurwa pamusoro pegore rino chiporofiti chako. Mira pachiri uye ramba uchikunda muZita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndibatsirei kumira pazviporofita zvese zvataurwa pamusoro pangu ndichirwa kusvika ndatora zvese zvamakatura.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya waMwari unondikundisa kuti ndikwanise kumira, kutaura nekuita nemaererano emazwi akataurwa mugore rino. Kukunda kwozviratidza muupenyu wangu. Ndinorwa kurwa kwakanaka, uye kukunda kwangu kunounza mbiri kuna Mwari.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Joshua 1:9



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 138**
1 Madzimambo 1-2; Mabasa 2:22-47

FAITH

LOVE

HOPE

FEAR

DEATH - LACK

CHENGETEDZA ZVAUNONZWA

1 VaKorinte 14:10 (KJV)

“Manzwi ose ane zvaanoreva.”

Bhaibheri rinoti kutenda kunouya nekunzwa, uye kugona kunzwa uku kunounzwa neShoko raMwari. Izvi zvinoreva kuti zvaunonzwa zvinokushandura pazvose panyama nepamweya. Shoko redu ranhasi ririkutiudza kuti chero izwi rakatakura chirevo. Zvese zvaunoteerera zvine zvazvinoita pauri-kunyangwe chakanaka kana kuti chakashata. Ndosaka uchifanira kuisa chiremekedzo kunzeve dzako.

Usateerere izwi rinoda kutaura nezveumbo, kushaika kwemari kana rufu. Chingoteerera kumazwi anovaka kutenda kwako, rudo nekuva neruvimbo. Vhara nzeve dzako kuruzha rwepanyika pano uye mira nezvinotaurwa neShoko. Endera Shoko, nechokwadi unodzoka uchipupura.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kuchengetedza nzeve dzangu. Itai kuti ndinzwe zvinovaka kutenda, ruvimbo neupenyu, uye izwi rose randinogashira riite kuti ndive nekupupura kwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zvinhu zvangu zviri kudonhera pakanaka. Ndiri kunzwa Nhau Dzakanaka mupfuma yangu, muutano wangu, mukereke yangu, nezvese zvine chekuita neupenyu wangu nemuZita raJesu.



KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA
Isaya 30:12



MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 139
1 Madzimambo 3-5; Mabasa 3



MUBAYIRO URI KUUYA

VaGaratiya 6:9 (KJV)

“Ngatiregei kuneta pakuita zvakanaka, nokuti munguva yakafanira tichakohwa.”

Kufamba kwedu muchitenderano, hausi mumhanyo mupfupi asi wakareba kusvika tawana mukombe. Vazhinji vanabhudhi nanasisi vanokurumidza kunetera upenyu kana kunetera kushanda muimba yaMwari nekuda kwezvinhu zvakasiyana siyana, asi chiteerera kushoko ranhasi: usanetera kuita chinhu chakanaka mubairo wako unouya zvechokwadi nenguva yako.

Tose tinoshandira munzvimbo yakafanana nekuti kupomherwa, kutsondorwa nekusanzwisiswa kuzere, asi zvinoita kuti tirambe takatsungirira kuziva kuti mubairo wacho mukuru.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, vandudzai simba rangu kuti ndisaneta pakuita zvakanaka. Ndibatsirei ndirambe ndakatendeseke, ndichiziva kuti mubairo wangu uchauya nenguva.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nyasha netsitsi zvinondibatsira kuda uye nekuita. Ndicharamba ndichibvira uye handikundikani kusvika ndawana upfumi wangu, muZita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**

2 VaTesaronika 3:13



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 140**

Ruka 9:37-62; Mapisarema 54-56



KUSATUNGAMIRIRWA NAKRISTU

VaGaratiya 2:20 (KJV)

Ndakarovererwa pamuchinjikwa pamwe naKristu; asi ndichiri mupenyu; asi handisisiri ini ndiri mupenyu, asi Kristu ndiye ari kurarama mandiri: uye hupenyu hwandinorarama zvino munyama, ndinorarama nokutenda kwaMwanakomana waMwari, akandida, akazvipa nokuda kwangu.

Testamende Yekare inotaura nezvekunzwa inzwi raMwari richibva shure kwako, sokuti ungapotsa warinzwa uye Mwari apfuure usingamunzwe. Asi chokwadi cheTestamende Itsva chakasiyana chose. Pauro anoti, handisisiri ini ndiri mupenyu, asi Kristu ari mupenyu mandiri. Izvi zvinoreva kuti hupenyu hwako hwatorwa zvizere; hauchisisiri hwako asi ndehwaKristu.

Hupenyu hwako hwenyama hungava nemiganhu nekushomeka, asi hupenyu hwaKristu huri mauri hauna zvipingamupinyi. Paunofamba nhasi, Kristu ndiye ari kufamba mauri. Munhu upi noupi anomira kukurwisa, ari kurwisa Kristu pachake—uye hapana anokwanisa kurwisa Mwari akakunda. Tanga zuva rako uine kunzwisisa uku, uye uchadzoka uine uchapupu.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai kuti Kristu anogara mandiri. Ndibatsirei kufamba zuva nezva ndichiziva kuti hupenyu hwangu hauchisisiri hwangu, asi kuti kukunda, simba, uye kubudirira kwaKristu kuonekwe kwakazara kuburikidza neni.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwandinorarama hupenyu hwekukunda, kuwanda, uye kubudirira. Kwese kwandinotsika, ndichatora hutongi, muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
VaKorose 3:3–4



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 – ZUVA RECHI 141**
1 Madzimambo 6–7; Mabasa 4:1–22

MURUDZI RWA MWARI

1 Johani 4:4 (KJV)

Imi muri vaMwari, vana vadiki, uye makavakunda; nokuti mukuru uyo ari mamuri kupfuura uyo ari munyika.

Kana ndabata mhete ndikati ndeyegoridhe, zvinoreva kuti mhete yacho yakagadzirwa negoridhe; kureva kuti ibudiro yegoridhe. Saizvozvowo, kana Bhaibheri richiti muri vaMwari, zvinoreva kuti makagadzirwa nechinhwa chaMwari. Makagadzirwa nezvinhu zvemweya. Zvinhu zvemhando yaMwari hazvidereri kana kuparara nokuda kwematambudziko; zvinofamba zvichibva pakubwinya kuenda pakubwinya kukuru.

Gamuchirai izvi mumoyo menyu nhasi kuti hamusi vanhuwo zvavo vari kufamba pamusoro penyika, asi muri vanhu verudzi rwaMwari. Kutukwa nemashoko akaipa hazvigoni kunamatira pachinhwa ichi. Makagadzirwa nezvinhu zvoumwari. Endai mugokunda muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndinokutendai kuti ndiri waMwari uye ndakagadzirwa nezvinhu zvoumwari. Ndirabatsirei kurarama ndakasimba, ndichiziva kuti hapana rima ringanamatira kana kundikunda nokuda kwehupenyu hwaMwari huri mandiri.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirwa nezvinhu zvaMwari. Handizofi ndapera asi ndicharamba ndichimutsiridzwa kusvikira ndawana mhinduro yangu. Kubwinya kukuru kuri kuuya pandiri muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Pisarema 118:6



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 142**
1 Madzimambo 8-9; Mabasa 4:23-37

VATUMWA

VaHebheru 1:14 (KJV)

Havasi vose here mweya inoshumira, inotumwa kunoshumira avo vachava vagari venhaka yeruponeso?

Vanhu vane masimba makuru havazviiti zvese vega. Vane vashandi kana maprotocol anoita mabasa avo. Bhaibheri rinoti vatumwa vanotumirwa nokuda kwedu, zvinoreva kuti ndivo maprotocol edu. Vanoshanda nokuda kwedu, vachimhanya nemabasa edu. Zvingaite sezvisinganzwisiki, asi ndicho chokwadi.

Vhura muromo wako nhasi urayire vatumwa vakakukomberedza kuti vaende vagadzirise nzvimbo dzese dzinoda kubatwa kwaMwari. Kunyangwe mutengi achinonoka kubhadhara kana hofisi ichikurambira mhinduro, tumai vatumwa. Vakagadzirira murairo wako uye vachauita.

Fambai muchifarirwa naMwari, muchichengetedzwa uye muchiziva simba renyu, muchiziva kuti vatumwa vaMwari vari kukushumirai, vachikununurai uye vachivhura nzira.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai nokuda kwevatumwa venyu vanoshumira nokuda kwangu. Pandinotaura nokutenda, regai rubatsiro rwekudenga, kufarirwa, kudzivirirwa, nemhinduro zviburutswe muzvikamu zvose zvehupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoraira vatumwa kuti vaende kumativi ose vagounza mhinduro dzangu. Nzira dzangu nemikova mitsva zviri kuvhurika izvozvi muzita raJesu. Ndinokutendai Ishe nokuda kwevatumwa venyu vanondishumira vakatendeka.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Eksodho 23:20



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 143**
1 Madzimambo 10-11; Mabasa 5:1-20



KEREKE HACHISI SANGANO RERUBATSIRO

Dheuteronomio 28:12 (KJV)

Jehovha achakuzarurira pfuma yake yakanaka, denga, kuti ripe mvura panyika yako nenguva yayo, uye kuti aropafadze mabasa ose emaoko ako; uye uchakweretesa ndudzi zhinji, asi haungazokwereti.

Kereke haisi sangano rerubatsiro sezvinotsvakwa nevamwe kuironga. Nyika inogara ichida kuisa Kereke munzvimbo isiri yemweya. Bhaibheri rinoti isu, Kereke, tichakweretesa ndudzi. Isu ndisu takagadzirirwa kusarudza zvinoitwa nenyika—zvavanodya nezvavanoronga zvinodzorwa nesu. Takasarudzwa kupa kunyika, kwete kutsamira kuWorld Bank.

Semuporofita waMwari, ndiri kuona mari ichimhanyira kuaccount yako. Hausi murombo asi mupfumi. Rugare ruchauya kuhama dzako nokuda kwako. Ndinoraira chikwereti chese chiri kukutevera kuti chisazosvika kwauri. Wakadanirwa nguva yakadai kuti uchinje mhuri nenyika.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndigadzirei semugero weropafadzo kune vamwe. Zarurai matenga pamusoro pebasa rangu nemari yangu, uye regai kuwanda kuyerere kuburikidza neni kuti ndibate mhuri nenyika.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari iri kuuya kwandiri, uye mugove wangu wose uri munzvimbo dzinofadza, muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Pisarema 112:3



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 144**
1 Madzimambo 12-13; Mabasa 5:21-42



PAKATI PEZVIMIRO

Jobho 22:29 (KJV)

Kana vanhu vakandwa pasi, ipapo uchatu, Pane kusimudzirwa; uye iye achaponesa munhu anozvinipisa.

Kana ukabvunza vanhu vazhinji kuti hupenyu huri sei, vanoti, “pasi pemamiro ezvinhu.” Mubvunzo wangu ndewekuti, uri kuitei pasi pemamiro ezvinhu? Wakaberekerwa kumusoro, kwete pasi, uye zvese pamusoro pako zvinobva kumusoro. Bhaibheri rinoti kana nyika ichiti pane kuderera kana kuoma, isu tinoti pane kusimudzirwa.

Uchararama pamusoro pemamiro ezvinhu. Uri mumiriri waJesu Kristu. Hauzoshayi chinhu chakanaka nokuti kupihwa kwako kunobva kumusoro. Enda uone kuonekwa kweropafadzo dzaMwari muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kurarama pamusoro pemamiro ezvinhu, kwete pasi pawo. Rega mashoko angu aenderane nechokwadi chenyu pandinotaura kusimudzirwa, kupihwa, nekukunda.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama pamusoro pemamiro ezvinhu; kupihwa kwangu kunobva kumusoro. Gore rino, handingashayi chinhu chakanaka. Hupenyu hwangu huzere nezvapupu. Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Ruka 1:52



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 145**
1 Madzimambo 14-15; Mabasa 6

KUSANGANISWA KEMUSHONGA WESHUWA

MJohani 9:25 (KJV)

Akapindura akati, Kana ari mutadzi kana kwete, handizivi; chinhu chimwe chete chandinoziva ndechekuti ndaiva bofu, zvino ndava kuona.

Mushonga wose weindasitiri unogona kudzoserwa kufomura yawo. Asi vaFarisi vakashamiswa nechishamiso chemurume aive bofu akazoona. Vaitsvaga tsananguro, asi iye aiziva chinhu chimwe chete: aive bofu, zvino ava kuona.

Pakanga pasina tsananguro yekusanganiswa kwemushonga iwoyo. Chishamiso hachitsananguriki. Nhasi izuva rako kugamuchira izvo zvinongokwanisika naMwari chete. Zviri kupfuura zvawakanyengerera kana kutsanya. Gamuchira chishamiso chako nhasi muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndiri kugamuchira simba renyu rezvishamiso nhasi. Rega izvo zvinongokwanisika nemi zvionekwe muupenyu hwangu, kupfuura tsananguro, kupfuura kuedza, uye kupfuura miganhu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi izuva rangu rechishamiso. Ndinogamuchira maropafadzo ose aMwari akandichengetera, muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Mateu 19:26



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 146**
1 Madzimambo 16-18; Mabasa 7:1-22

SIMBA RINOTONGA

2 VaTesarika 2:6-7 (KJV)

Zvino munoziva chinodzivisa, kuti aziviswe panguva yake. Nokuti chakavanzika chezvakaipa chiri kutoshanda; asi iye anorambidza zvino acharamba achirambidza kusvikira abviswa munzira.

Masangano mazhinji pasi rose ari kurwira kutonga vanhu. Vamwe vanoshuwira kuparara kwevana vaMwari uye vamwe vachishuwidzira zvinhu zvakaipa pamusoro pavo. Asi chokwadi ndeichi: Asiri munaKristu haagoni kuzadzisa basa rake zvizere isu tichiripo. Isu tinomudzivisa. Isu tiri simba rinotonga mafambiro ezvinhu panyika.

Taura Shoko raMwari pamusoro penyika dzose, hurumende, nemhuri apo paunotanga zuva rako ranhasi. Zvose zvaunotaura zvichaitika muzita raJesu. Mumhuri mako, iva nemweya unosundwa kuva mutungamiriri wezvinhu zvinobatika. Kubudirira kana kushaya zvese zviri mumaoko ako kuti uronge remangwana rako.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndibatsirei kumira ndakasimba sesimba remweya mumhuri yangu nechizvarwa changu. Pandinotaura Shoko renyu, regai kururama, rugare, nekubudirira zvitonge kubudikidza neni.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura hupenyu huzere, kukwidziridzwa, nerugare kumhuri yangu. Mazuva angu azere nemufaro waShe, muzita raJesu. Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Jeremiya 1:10



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 147**
Ruka 10:1-24; Mapisarema 57-59



CHIPOROFITA CHAKO, NHOMBO YAKO

1 Timoti 1:18 (KJV)

Murairo uyu ndinoupa kwauri, mwanakomana Timoti, maererano nezviporofita zvakataurwa pamusoro pako, kuti nawo urwe hondo yakanaka.

Nyika dzine zvombo zvekuzvidzivirira kana kuwedzera miganhu. Kwenguva yakareba vazhinji vaivimba kuti kukunda hondo kunodiwa zvombo zvinobatika panyama. Asi Rugwaro runotiratidza kuti chiporofita chombo chaunorwisa nacho. Kana Shoko richiti hausi murombo asi mupfumi, kana kuti paunogamuchira Shoko kubudikidza nerino bhuku uri kubata chiporofita. Ichi ndicho chiporofita chaitaurwa naPauro paairaira Timoti kuti arwe hondo yakanaka.

Paunofamba kana kuti paunonamata nhasi, taura mashoko ose akanaka awakambogamuchira. Kukunda ndekwako, nokuti Shoko rakataurwa pamusoro pehupenyu hwako-chiporofita chako-harizowiri pasi muzita raJesu.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndibatsirei kurwa zvakanaka nezviporofita zvose zvamakataura pamusoro pangu. Pandinotaura Shoko renyu, regai kukunda nekuzadzikiswa zviuye nokukurumidza.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoraira mashoko ose andakagamuchira kubva kuna Mwari kuti azadzikiswe. Zvitoro zvangu zvichazara nerudo, mufaro, rugare nekubudirira, muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Pisarema 144:1



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 148**
1 Madzimambo 19-20; Mabasa 7:23-43

MHINDURO DZIRIPO

VaFiri 4:6 (KJV)

Musafunganya chinhu chipi nechipi; asi pazvinhu zvose, nemunamato nokukumbira pamwe nokuvonga, zvishuwo zvenyu ngaiziviswe kuna Mwari.

Kana ukazvarwa mumhuri yakapfuma, unenge uchiziva kuti zvese zvaungade zvinenge zviripo. Kubudikidza nemubereki akapfuma, hautamburire chikafu kana mbatya. Chifunga manje Baba vako muridzi wezvipfuyo pamakomo mazana nemazana uye ndivo Musiki asina akamusika, wenyika ino. Ndivo vari kuti uite zvishuwo zvako zvizivikanwe navo.

Hapana mugano pane zvaungakumbire kubva kuna Mwari, nekuti vanogona kukupa zvese zvaungade kubudikidza nepfuma yavo nekubwinya kwavo. Tora nguva yekuti unamate ushongedze zvido zvako kuna Mwari, uye unodzoka nechipupuro. Mhinduro kumatambudziko ako ese dziripo, chako kungoita kuti Mwari vazive chete.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndiri kuunza zvose zvandinoda pamberi penyu ndichivonga. Pandinonamata regai mhinduro dzekudenga dziburitswe nekushandura chese chikumbiro changu kuchiita chipupuro change.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotambanudza zvikumbiro zvangu zvose pamberi paMwari. Chikumbiro changu chiri kushanduka kuva uchapupu. Humbowo hwangu huchakura kupfuura dambudziko rangu. Amen.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
2 Petro 1:3



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 149**
1 Madzimambo 21-22; Mabasa 7:44-60



GOD EMBASSY

2 Corinthians 5:20 (KJV)

Zvino tiri vamiriri vaKristu, sezvakaite kuti Mwari akukumbire kuburikidza nesu: tinokukumbira panzvimbo yaKristu, kuti mugadzikane naMwari.

Vazhinji havana kuziva chirevo chechokwadi cheembassy. Vanofunga kuti embassy imba kana hofisi inoshandiswa nemumiriri. Asi, embassy inongova embassy kana mumiriri ari mukati meimba. Kana asipo, inonzi chancellery. Chinoita kuti imba ive embassy kuisa mumiriri mukati mayo. Saizvozvo, kana mutungamiri weAmerica akakwira muhelikopta, inova Air Force One. Hazvisi nekuda kwekugadzirwa kwayo, asi nekuda kweuviri hwemutungamiri ari mukati mayo.

Bhaibheri rinoti iwe uri mumiriri waKristu; saka, pose paunaisa tsoka dzako, ipapo panova embassy. Inova nzvimbo yakakwirira uye yakachengetedzwa, uye ine upfumi. Iwe haugamuchiri sezvisiri zvepanyika. Paunotora danho nhasi, Mwari akakugadza sechombo chake kutendeutsa vazhinji kwaari.



MUNAMATO WANHASI

Ishe, ndibatsirei kurarama ndichiziva kuti ndiri mumiriri wenyu. Sezvandinosvika panzvimbo imwe neimwe nhasi, ngauringe mvumo yako, nyasha, uye kupihwa zviwanikwa zvive pachena muupenyu hwangu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndiri embassy yeMweya Mutsvene. Zvese zvandinosvika, zvichabudirira. Ndine nyasha uye mvumo muzita raJesu.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Johani 20:21



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 150**
2 Madzimai 1-3; Mabasa 8:1-25

MIGANHU YAKAROPAFADZWA

Joshua 1:3 (KJV)

Nzvimbo yose inotsikwa netsoka dzenyu, ndakakupai, sezvandakataura kuna Mozisi.

Mwari haana kupa Joshua murayiro wakangovhurika—akamupa nzvimbo yakatarwa uye akamuudza kuti afambe nechivimbo mune zvainge zvave zvake kare. Saizvovowo, kune nzvimbo, mikana, nemabasa chaiwo akatemerwa iwe naMwari. Kana uchinzwisisa miganhuru yeropafadzo yako, unomira kuparadzira simba rako pose pose uye wotanga kufamba zvakananga panenge patove nenyasha dzakamirira.

MaKristu mazhinji anofamba kubva pane imwe pfungwa kuenda kune imwe vasingazivi kuti kubudirira kazhinji kunosimudzirwa nenzvimbo. Kana Mwari ataura ropafadzo pamusoro penzvimbo kana basa, migumisiro inouya zviri nyore, iine nyasha uye nekukurumidza. Panzvimbo pekungofungidzira, kumbira Ishe kuti vakuudze paakatotema kuwedzera kwako kare.

Nhasi, pinda mune zvaakakupa uye urambe kutsauka munzira dzaakakugadzirira.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndiratudzei nzira nenzvimbo dzamakatoropafadza kare kuti ndive nadzo. Tungamirirai matanho angu kuti ndifambe mukati memiganhu yamakandigadzirira, ndichiona nyasha, rudo, uye kukurumidza kubudirira.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kufamba nechivimbo mukati memiganhu yakagadzirwa naMwari. Ndiri kupinda munyasha, mufaro, uye migumisiro ine chirevo, muzita raJesu!



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Mapisarema
VaEfeso 1:3

37:23;



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 151**
2 Madzimambo 4-6; Mabasa 8:26-40



VHENEKESA

VaEfeso 5:8 (KJV)

Nokuti imi makambova rima, asi zvino muri chiedza muna Ishe; fambai savana vechiedza.

Zvino tiri kurama mumazuva okupedzisira umo rima rakawedzera pamusoro penyika yose. Zvakaipa nouipi zvava tsika yezuva nezuva. Nzira dzenhau dzinotaura mazuva ose pamusoro pezvinetso zvemagariro evanh, zvehupfumi, zvakatipoteredza, zvmatongerwo enyika, zvokurapa uye zvomweya zviri kusangana nyenika. Vanopenda mufananidzo wakazara werima pamusoro pemamiro enyika nevanhu vayo.

Usavhunduke paunona izvi zvichiitika; farira. Hatinetseki, hatizununguki, uye hatizununguswi nenhau dzakaipa dziri kupararira mumapepanhau nenhau dzenyika. Nyika inoti, “pane chiedza kumagumo kwemugero,” asi isu tiri chiedza chiri kufamba mumugero. Hatibatwi nemasisitimu akaipa nemaitiro enyika.



MUNAMATO WANHASI

Baba, ndinokutendai kuti ndiri chiedza muna Ishe. Ndisimbisai kuti ndifambe semwana wechiedza, ndisingatyi munguva yerima, uye regai upenyu hwangu huvenekese nyika yangu nembiri yenyu nehunhu hwenyu.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kupenya—kupenya kukuru—kwembiri yaMwari. Ndinopenya zvine simba, ndichivenekesa nyika yangu nembiri nehunhu. Ndiri mutakuri wechiedza uye ndiri mhinduro kunyika iri kufa.



**KUPFURIKIDZA
KUDZIDZA**
Isaya 60:2



**MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI
KWEMAZUVA 365 - ZUVA RECHI 152**
2 Madzimambo 7-9; Mabasa 9:1-22



PARARIRA

1 Timoti 4:15 (KJV)

Fungisisa zvinhu izvi; uzviise zvachose mazviri; kuti kubudirira kwako kuoneke kuna vose.

Chido chaMwari ndechekuti usafambira mberi muupenyu mukunyarara, asi kuti kufambira mberi kwako kupararire. Sokuti mukadzi ane pamuviri haagoni kuviga pamuviri, kufambira mberi kwako muupenyu kunofanira kuonekwa nevanhu vose. Shoko rokuti kuoneke mumagwaro edu ekutanga rinoreva kupararira, kuzviratidza, kuputika pachena.

MuApostora Pauro akayeuchidza Timoti kuti chipo chaakagamuchira kuburikidza nechipo chouporofita nekuiswa kwemaoko chakanga chisina kukwana. Timoti aifanira kuzvinyudza muShoko raMwari kuburikidza nekufungisisa. Kufungisisa ndiko kwaiva chombo chaidiwa kuti kubudirira kwake kuoneke kuna vose.

Bhizinesi rako here kana kereke yako yaunoda kuti ipararire? Kufona kwako here, chipo chako kana tarenda rako raunoda kuti zvionekwe? Fungisisa uye uchaputika pachena!



MUNAMATO WANHASI

Ishe, simbisai mwoyo wangu kuti ndifungisise Shoko renyu nguva dzose. Regai kufambira mberi kwangu kuputika pachena uye kuonekwa nevanhu vose, uye itai kuti chipo chose, kufona, nebasa riri muupenyu hwangu zvipararire.



CHIPOROFITA CHEKUTAURA

